Pada penggalan tuturan di atas terdapat kata <i>rika</i> 'kamu' merupakan penanda referensi persona II tunggal. Kata <i>rika</i> 'kamu' pada penggalan tuturan di atas merujuk pada konteks yang berada di dalam teks (endofora) yang bersifat anaforis karena berada di sebelah kanan dan mengacu pada Kaki Pepeng.		

Nomor data : 001	Jenis : Referensi Persona II Jamak Endofora Kataforis.	Sumber : Antonim
Wujud : <i>Kowe-kowe padha</i> 'kalian semua'.		
Korpus data		
KONTEKS : Pak Guru sedang memberi pengantar sebelum mengajar.		
Guru : “ <i>Aduh jan bungah ya ngger dadi kowe-kowe padha. Sekolah, sekolah nang STM. Jan ora patut yakin mulyane. Ooooo temenan. Hahaaa....</i> ”		
Guru : “ Aduh, senang ya kalau jadi kalian semua. Sekolah, bersekolah di STM. Benar-benar tidak patut mulianya. Ooooo, beneran. Hahaaa...”		
Analisis		
Pada penggalan tuturan di atas, terdapat frasa <i>kowe-kowe padha</i> 'kalian semua' yang merupakan pronomina penunjuk umum. Frasa <i>kowe-kowe padha</i> 'kalian semua' pada penggalan tuturan di atas merujuk pada konteks yang terdapat di		

dalam teks (endofora), yaitu mengacu pada anak-anak yang bersekolah di STM.

Nomor data : 009	Jenis : Referensi Persona II Tunggal Endofora Anaforis.	Sumber : Antonim
Wujud : Kata <i>dheweke</i> 'dia'.		
Korpus data		
KONTEKS : Kartotuying menjawab pertanyaan Pak Guru mengenai absennya Tukiman B.		
Kartotuying : “ <i>Tukiman B ora mlebu, Pak. Dheweke ora diwei sangu mau nang biyunge. Ora gelem mlebu sekolah.</i> ”		
Kartotuying : “ Tukiman B tidak masuk, Pak. Dia tidak diberi uang saku tadi oleh ibunya. Tidak mau masuk sekolah.”		
Analisis		
Pada penggalan tuturan di atas terdapat kata <i>dheweke</i> 'dia' merupakan penanda referensi persona II tunggal. Kata <i>dheweke</i> 'dia' pada penggalan tuturan di atas merujuk pada konteks yang berada di dalam teks (endofora) yang bersifat anaforis karena berada di sebelah kiri dan mengacu pada Tukiman B.		

Nomor data : 073	Jenis : Referensi Demonstratif Temporal Kini.	Sumber : <i>Capelan 1</i>
Wujud : Kata <i>siki</i> 'sekarang'.		
Korpus data		
KONTEKS : Karyawan memberitahu jawaban teka-tekinya kepada Juragan.		
Karyawan : “ <i>Nyerah ya nyerah ya? Juragan nyerah, ya? Dua satu kiyeh. Inyong loro rika siji. Buah apa sing bisa ngeband? Buah Lengkeng Park.</i> ”		
Juragan : “ <i>Linkin Park, mbok?</i> ”		
Karyawan : “ <i>Ya bodho-bodhoa, yah. Lengkeng koh. Buah mbok. Lagi mangsan, siki be rolas ewu.</i> ”		
Karyawan : “Menyerah ya, menyerah, ya? Juragan menyerah, ya? Dua satu ini. Saya dua kamu satu. Buah apa yang bisa nge-band? Buah Lengkeng Park.”		
Juragan : “Linking Park, mungkin?”		

Karyawan : “Ya, bodoh amat. Lengkeng kok. Buah kan? Kelengkeng sedang musim, **sekarang** dua belas ribu.”

Analisis

Pada penggalan tuturan di atas terdapat kata *siki* ‘sekarang’ merupakan penanda referensi demonstratif temporal atau waktu kini. Kata *siki* ‘sekarang’ penggalan tuturan di atas mengacu pada waktu musim kelengkeng.

Nomor data : 216	Jenis : Referensi Demonstratif Temporal Lampau.	Sumber : <i>Montor Mabur Oleng</i>
Wujud : Kata <i>miki</i> ‘tadi’.		
Korpus data		
KONTEKS : Asisten memberitahukan komandannya tentang pesawat yang dilihatnya.		
Asisten : “ <i>Lha iya, montor mabur sing nggawa jemaah kaji kuwe miki lagi digatekna nang dhewek.</i> ”		
Asisten : “ <i>Lha iya, pesawat yang membawa jemaah haji itu tadi yang sedang diperhatikan kita.</i> ”		
Analisis		
Pada penggalan tuturan di atas terdapat kata <i>miki</i> ‘tadi’ merupakan penanda referensi demonstratif temporal atau waktu. Kata <i>miki</i> ‘tadi’ pada penggalan tuturan di atas mengacu pada waktu ketika komandan dan asistennya berdebat.		

Nomor data : 345	Jenis : Referensi Demonstratif Temporal Lampau.	Sumber : <i>Anak Tukang Kebon</i>
Wujud : Kata <i>gemiye</i> ‘dulu’.		
Korpus data		
KONTEKS : Pak Dharmo bercerita kepada Gupis bahwa Gupis adalah anaknya.		
Dharmo : “ <i>Alhamdulillah, ya Allah. Nyong jan-jane kit gemiye kepengin ngomong tapi ora tegel, ya Allah. Alhamdulillah. Jan-jane bapakmu kuwe kepengin ngomong ket gemiye nek kowe kuwe sebenere anake nyong.</i> ”		
Dharmo : “ <i>Alhamdulillah, ya Allah. Saya sebenarnya dari dulu ingin bicara</i>		

tapi tidak tega, ya Allah. Alhamdulillah. Sebenarnya bapakmu itu ingin bicara dari **dulu** kalau kamu itu sebenarnya anak saya.”

Analisis

Pada penggalan tuturan di atas terdapat kata *gemiye* ‘dulu’ merupakan penanda referensi demonstratif temporal atau waktu lampau. Kata *gemiye* ‘dulu’ pada penggalan tuturan di atas mengacu pada waktu Gupis masih kecil.

Nomor data : 155	Jenis : Referensi Demonstratif Tempat Endofora Anaforis.	Sumber : Nyelang Buku
Wujud : Kata <i>kiye</i> ‘ini’.		
Korpus data		
KONTEKS : Pak Botak marah karena Sukarni berkata tempat yang ditunggunya adalah kios pangkas rambut.		
Buthak : “ <i>Astaghfirullah hal’adzim. Anu matane ora melek kowe yah? Kiye-kiye perpustakaan, isine buku-buku. Kae delengna kae. Nang rak kae ana buku. Nang rak kene ana buku. Kiye perpustakaan kiye. Ko dadi kios pangkas rambut kepriwe?</i> ”		
Botak : “ <i>Astaghfirullah hal’adzim. Matanya tidak lihat kamu ya? Ini perpustakaan, isinya buku-buku. Itu lihat itu. Di rak itu ada buku. Di rak sini ada buku. Ini perpustakaan ini. Kok jadi kios pangkas rambut bagaimana?</i> ”		
Analisis		
Pada penggalan tuturan di atas, terdapat kata <i>kiye</i> ‘ini’ yang merupakan pronomina demonstratif tempat. Kata <i>kiye</i> ‘ini’ pada penggalan tuturan di atas merujuk pada konteks yang terdapat di dalam teks (endofora) yang bersifat kataforis karena acuannya berada di sebelah kanan dan mengacu pada perpustakaan.		

Nomor data : 303	Jenis : Referensi Demonstratif Tempat Endofora Anaforis	Sumber : <i>Anak Tukang Kebon</i>
Wujud : Kata <i>ngeneh</i> 'sini'.		
Korpus data		
KONTEKS : Gupis sedang mengerjai kakaknya dan meminta uang.		
Gupis : “ <i>SPPne ora usah dibayarnalah. Wis ngeneh nggo nyong bae seket ewu, rika aman. Ora tekamong-omongna maring wong liya.</i> ”		
Solikhin : “ <i>Ooo, kethek kowe pancen.</i> ”		
Gupis : “ <i>Angger nyong kethek ya rika kakange kethek. Haaa, kan gampang mbok. Seket ewu ngeneh, cung.</i> ”		
Gupis : “ <i>SPP-nya tidak usah dibayarkanlah. Sudah sini untuk saya saja lima puluh ribu, kamu aman. Tidak (saya) bilangkan ke orang lain.</i> ”		
Solikhin : “ <i>Ooo, kamu memang monyet.</i> ”		
Gupis : “ <i>Kalau saya monyet ya kamu kakaknya monyet. Haaa, kan gampang. Lima puluh ribu sini, cung.</i> ”		
Analisis		
Pada penggalan tuturan di atas, terdapat kata <i>ngeneh</i> 'sini' yang merupakan pronomina demonstratif tempat. Kata <i>ngeneh</i> 'sini' pada penggalan tuturan di atas merujuk pada konteks yang terdapat di dalam teks (endofora) yang bersifat anaforis karena acuannya berada di sebelah kiri dan mengacu pada diri Gupis.		

Nomor data : 125	Jenis : Referensi Komparatif.	Sumber : Anak Elek
Wujud : Kata <i>kaya</i> 'seperti'.		
Korpus data		
KONTEKS : Penumpang ibu mengeluh karena kondektur berkata anaknya anak paling jelek sedunia.		
Penumpang ibu : “ <i>Kiye anake inyong dinyek nang kae kenete. Kenete kae. Kurang ajar. Lha wong genah anake inyong nggantenge kaya kiye koh, ramane be kaya Arjuna, ibune kaya Srikandi koh malahan anake diomong elek. Apa jan ora mangkelna banget nang ati sih? Apa kae, nek bojoku bali kang Malaysia, wadulna. Masa ra ditemplingi sih kae wong.</i> ”		
Penumpang ibu : “ <i>Ini, anak saya diejek oleh kondektur. Kondektur itu. Kurang</i>		

ajar. Lha sudah jelas anak saya gantengnya seperti ini kok, ayahnya **seperti** Arjuna, ibunya **seperti** Srikandi kok malah anaknya dibilang jelek. Apa tidak menjengkelkan sekali di hati si? Apa itu, kalau suamiku pulang dari Malaysia, aku laporkan. Masa tidak dipukul itu orang.”

Analisis

Pada penggalan tuturan di atas terdapat kata *kaya* ‘seperti’ merupakan penanda referensi komparatif. Kata *kaya* ‘seperti’ menyamakan antara ayah si anak dengan Arjuna dan ibu si anak dengan Srikandi.

Lampiran 2

Teks curanmor berjudul Antonim

Kriiiiing bel sekolah berbunyi. Lalu masuklah guru ke dalam kelas.

Guru : “Selamat pagi, anak-anak. Hahahahaaa.”

*“Aduh jan bungah ya ngger dadi **kowe-kowe padha**. Sekolah, sekolah nang STM. Jan ora patut yakin mulyane. Ooooo temenan. Hahaaa. Wis **teklakoni gemiyen** agi **jamane inyong** sekolah nang STM yah, **inyong** padha bae **kaya kowe-kowe padha, anak-anakku**. Anu mlebune jam pitu, jam setengah wolu tesih nang terminal karo udud ndopok karo calo. Hahahahaaaa. Ana maning yaa anu, saking apa ora **duwene** kang **Adipala** gutul **Cilacap** kota ngepit kang umah jam setengah lima. Utuk-utuk-utuk-utuk, kalingane bane gembes nang nggon Selarang. Hahahaa. Ngenteni dipompakaken kalingane gutul sekolahan keru. **Pite** kon disendhekna maring warung. Mlumpat tembok gelem-gelem. Hahaaa. **Kowe** ko deneng ora kurang pancen yaa. Ana maning ya ngger pas jam istirahat, **inyong** cokan ndeleng **kowe-kowe padha** angger lagi jajan **kae** nang **warunge biyunge kae** yaa, jan Masyaallah. Nggole mangan mendoan ya telung lembar, es teh rong gelas, rokok telung ler. Dibayar pira? Sewu limang ngatus. Hahaaa. Aduh-aduh kiye tah sumpah kiye yakin. Tapi ya ngonoh dirasakna bae ya. Oke-oke kita bertemu lagi anak-anakku yang saya cintai, kaya kuwe ya. Biasalah anu genah jamane sekolah ya isine ya kur belajar. Ya kaya kuwe ya. Oke akan segera kita mulai pelajaran siang hari ini. Tapi sedurunge **inyong** kepingin absen dhisit padha. Padha mangkat apa ora kiye **bocahe** kiye. Hahahaa. Kartotuying.”*

Kartotuying : “Kartotuying ada, Pak.”

Guru : “Hahaa. Kartonom.”

Kartotuying : “Kartonom ada.”

Guru : “Supi?”

Kartonom : “Meriyang.”

Guru : “Oh, meriyang. Karcong?”

Kartotuying : “Karcong, ramane mati, Pak.”

Guru : “Oh, ramane Karcong mati. Hahahaa. Lumayan kiye, randhane bojone. Oke, yang selanjutnya Tukiman A.”

Kartonom : “Tukiman A ora entuk kol kota mau, Pak. Nang terminal tesih ndean.”

- Guru* : “Oh, kaya kuwe ya. Tukiman B.”
- Kartotuying* : “Tukiman B ora mlebu, Pak. **Dheweke** ora diwei sangu **mau** nang **biyunge**. Ora gelem mlebu sekolah.”
- Guru* : “Hahaaa, kaya kuwe ya. Kiye dadi sing mlebu kur loro tok, bocah ya. Wah gaul kiye anu sekolah. Aduh jan payah banget yakin. **Muride** nang absen be 36 enggane sing teka mben dina kur loro tok, jan. **Bocahe** kuwe-kuwe bae maning. Ya wis ora papa lah. Hahaaa. Oke, Kartonom karo Kartotuying ini sehubungan pelajaran kita kali ini adalah pelajaran bahasa. Kaya kuwe ya. **Siki** kita akan mempelajari tentang? Apa jejal? Ana sing ngerti apa ora?”
- Kartotuying* : “Ora ngerti, Pak.”
- Guru* : “Hahahaha, Nek ora ngerti. Kiye **tekkandhani** kiye. Hari ini kita akan belajar mengenai antonim atau perlawanan kata. Oke, kita mulai saja lah ya. Jadi begini anak-anak, sing jenenge antonim ya kuwe adalah perlawanan kata. Dadi kata apa bae nang **dunya kiye** ana lawane ya. Misalkan, langit lawan katane apa? Bumi. Nah kuwe kan. Hahaa. Oke, kita mulai saja lah ya. Pak Guru **siki** arep menyebutkan kata. Lha **mengko** ya, Pak Guru ngomong apa bae, kata-kata apa bae sing diomongna nang Pak Guru ya. Tulung digoletna lawan katane, langsung bae dijawab ya. Kartotuying karo Kartonom bareng. Hahaha. Oke, janji kaya kuwe tok ora teyeng. Kaya kuwe tok akeh sing salah. **Ngesuk** guru-guru sekabupaten Cilacap langsung padha unjuk rasa maring DPRD. Kon sms gratis dicabut. Hahahaha. Oke, langsung ya dijawab lho ya. Lawan katane apa. Kita mulai dari sekarang. Kata sing pertama anak-anak. Pinter.”
- Murid-murid* : “Bodho.”
- Guru* : “Dhuwur.”
- Murid-murid* : “Endhep.”
- Guru* : “Adoh.”
- Murid-murid* : “Perek.”
- Guru* : “Lunga.”
- Murid-murid* : “Bali.”
- Guru* : “Kanan.”
- Murid-murid* : “Kiri.”
- Guru* : “Maju.”

- Murid-murid* : “Mundur.”
- Guru* : “Hahahaha, **siki** madhang.”
- Murid-murid* : “Hahahaha, **siki** kencot.”
- Guru* : “Lho lho lho. Deneng kencot?”
- Murid-murid* : “Lho lho lho. Deneng madhang?”
- Guru* : “**Kuwe** salah **kuwe**.”
- Murid-murid* : “**Kuwe** bener **kuwe**.”
- Guru* : “**Kuwe** salah **kuwe**. Udu madhang.”
- Murid-murid* : “**Kuwe** bener **kuwe**. Dudu kencot.”
- Guru* : “Heh, **kuwe** salah **kuwe**, bodho!”
- Murid-murid* : “Heh, **kuwe** bener **kuwe**, pinter!”
- Guru* : “Sing bener kiye lah.”
- Murid-murid* : “Sing salah **kuwe** lah.”
- Guru* : “Sing padha bener.”
- Murid-murid* : “Sing padha salah.”
- Guru* : “Murid-murid!”
- Murid-murid* : “Guru-guru!”
- Guru* : “Rungokna kiye! Rungokna kiye!”
- Murid-murid* : “Bingsrung bae! Bingsrung bae kiye!”
- Guru* : “Bisa meneng apa ora padha ya?”
- Murid-murid* : “Bisa rame apa ora padha ya?”
- Guru* : “**Kuwe** dudu pertanyaan, bodho!”
- Murid-murid* : “**Kiye** jawaban, pinter!”
- Guru* : “**Kuwe** udu pertanyaan.”
- Murid-murid* : “**Kiye** jawaban.”
- Guru* : “Aja padha kurang ajar **kowe**!”
- Murid-murid* : “Aja padha manut **kowe**!”
- Guru* : “**Kuwe** udu pertanyaan, murid-murid.”

- Murid-murid* : “**Kiye** udu jawaban, guru-guru.”
- Guru* :” **Teksampluk kowe padha lho.**”
- Murid-murid* :”**Tekkampluk kowe padha lho.**”
- Guru* : “Wis padha bali padha bali padha bali!”
- Murid-murid* :” Wis padha mangkat padha mangkat padha mangkat!”
- Guru* : “Padha gemblung **kowe ya?**”
- Murid-murid* : “Padha waras **kowe ya?**”
- Guru* :”Wis, cukup, cukup, cukup, cukup.”
- Murid-murid* : “Urung, kurang, kurang, kurang.”
- Guru* : “Uwis, uwis.”
- Murid-murid* : “Urung, urung.”
- Guru* : “Kenang ngapa kiye padha bodho kabeh.”
- Murid-murid* : “Kenang ngapa kiye padha pinter sebagian.”
- Guru* : “Uh, nglawan **kowe yah?**”
- Murid-murid* : “Uh, ngalah **kowe yah?**”
- Guru-guru* : “Padha kurang ajar **kowe padha.**”
- Murid-murid* : “Padha luwih ajar **kowe padha.**”
- Guru-guru* : “Oke, pelajaran sudah selesai.”
- Murid-murid* : “KO pelajaran belum dimulai.”
- Guru* : “Uwis, bodho!”
- Murid-murid* : “Urung, pinter!”
- Guru* : “Ngadheg!”
- Murid-murid* : “Njagong!”
- Guru* : “Ngadheg kabeh!”
- Murid-murid* :”Njagong kabeh!”
- Guru* : “Rusak, rusak padha.”
- Murid-murid* : “Apik, apik padha.”
- Guru* : “Oke, janji ora meneng **kowe padha**, kon padha bali **mengko nang nyong lho.**”

Murid-murid : "Oke, janji ora reang, **mengko** kon padha lunga **kowe lho.**"

Guru : "Hei, anake sapa sih **kowe padha** ya?"

Murid-murid : "Hei, ramane sapa sih **kowe, Pak?**"

Guru : "Bubar, bubar, bubar, bubar, bubar!"

Murid-murid : "Kumpul, kumpul, kumpul, kumpul, kumpul."

Guru : "Angger kaya kiye kapan rampunge?"

Murid-murid : "Angger kaya kuwe bae kapan mulaine?"

Guru : "Uwis, uwis rampung uwis rampung."

Murid-murid : "Urung, urung rampung urung rampung."

Guru : "Masyaallah, uwis, uwis rampung uwis."

Murid-murid : "Masyaallah, urung, urung rampung urung."

Guru : "Uwis rampung."

Murid-murid : "Urung rampung."

Guru : "**Tekomongna ramane kowe lho.**"

Murid-murid : "**Tekomongna anake kowe lho.**"

Guru : "Angger kaya kiye kapan rampunge?"

Murid-murid : "Angger kaya kuwe bae kapan mulaine?"

Guru : "Uwis anak-anak, uwis."

Murid-murid : "Urung, Pak Guru, urung."

Lampiran 3

Teks curanmor berjudul Antonim 2

- Narator* : “Hahahahaa, 104,2 YES Radio Kebanggaan Cilacap. **Rika** padha kemutan apa ora? Karo cerita sing judule Antonim? Apa? Antonim adalah perlawanan kata. Hahahaaa. Tesih kemutan yah? Sing gutul rong taun ora rampung rampung ceritane angger diterus-terusaken kawit biyen. Lha **siki inyong** duwe cerita maning kiyeh. Antonim Dua judule. Kaya ngapa tiliki bae yuh.”
- Guru* : “Hahahaaa. Alah, kiye dadi **inyong** mulang maning kiye **dina kiye** mulang maning? Mulang **kelas kene** maning kiye? Bocah STM kiye? Masyaallah. Aduh, jan, jan. **Inyong** tesih kemutan jamane **gemiye**n kuwe lagi **tekwulang** nang **inyong** antonim. Ngantek rong dina rong wengi ora rampung-rampung. Koh **siki** kon mulang **kene** maning. Jan, jan, jan. Aduh, wis kewajiban arep kepriwe maning. Assalamu ‘alaikum wr. wb. Selamat pagi anak-anak.”
- Murid* : “Wa’alaikum salam wr. wb. Pagi, Pak.”
- Guru mbok?* : “Kepriwe? Wis sinau? Wis padha mlempeng mbok? Mulai mbok?”
- Murid* : “Wis, Pak.”
- Guru* : “Iya, pancen kudune kaya kuwe. **Inyong** ya, **gemiye**n jaman lagi sekolah STM kaya **kowe-kowe padha**, huu, temenan. Pelajaran apa bae nang **nyong tekgarap** dhewek. Matematika **tekgarap**. Ana pelajaran bahasa Indonesia **tekgarap**. Bahasa Inggris **tekgarap**. IPA **tekgarap**. IPS **garap**. Ngantek **IP-ne inyong**, **IP-ne inyong tekgarap** dhewek, nang **nyong tekgarap** dhewek.”
- Murid 1* : “Hooohooohoo, oalah, guru angger mulang nantange kaya kiye. Oalah, ngapurane, IP digarap dhewek. Ngapa-ngapane, jan. Oalah, iya, iya, wis. Pak Guru, mandan serius lah. Kiye **inyong** lagi pengen belajar kiye.”
- Guru* : “Oooo, kaya kuwe?”
- Murid 1* : “Iya.”
- Guru* : “Ya, wis. Kiye genah **inyong biye**n mulang antonim maring **kowe-kowe padha**. Rong dina rong wengi ora rampung-rampung. Kiye dadi **inyong** ceritane kepengin mengulang lagi, tapi wis padha paham intine lah ya? Bahwa antonim kuwe adalah perlawanan kata. Dadi kata apa bae nang **donya kiye** kuwe ana lawan katane.”

Lanang lawan katane wadon. Suami lawan katane istri. Madhang lawan katane meteng. Kaya kuwe. Dadi aja salah-salah. Wis padha sinau mbok?"

Murid : "Wis, Pak Guru."

*Guru : "Ya, wis. **Siki** mulai bae lah ya. Pokoke kata apa bae sing **mengko** nang Pak Guru arep disebutna, nang **kowe-kowe padha** dicarikan lawan katane. Carikan **antonime** ya!"*

Murid : "Nggih, Pak."

*Guru : "Oke. Awas lho ya! Janji **mengko kaya wingi** maning kedadeyane rong dina rong wengi ora rampung-rampung gara-gara ngurusi antonim tok. Tekkompok, kelompok **kowe** nang **nyong**. **Teksepiti kowe** nang **nyong** padha. Wis. Mulai. **Siki** Pak Guru takon. Lawan katane urip."*

Murid : "Mati."

*Guru : "Hahaaa, pinter kiye. Jenenge pinter. Wis padha mulai pinter kiye. **Muride inyong** kiye. **Siki** lawan katane kencot."*

Murid : "Wareg."

*Guru : "Kencot. Wareg. Ah, iya, iya,iya. Bener, bener, bener. Wis pinter-pinter banget kiye. Waduh, kiye tambah semangat kiye **inyong** kiye sebagai Pak Guru kiye. Hahaa. Ora sia-sia **inyong** nggole mulang telung taun ora rampung-rampung ngomong antonim bae. Ya, wis. **Siki** anak-anak, mbalik maning yah maring antonim. Lawan katane gedhe?"*

Murid : "Ora gedhe."

Guru : "Gedhe, gedhe, gedhe. Gedhe lawan katane apa? Gedhe? Gedhe?"

Murid : "Ora gedhe."

Guru : "Heh, lawan katane gedhe kuwe ci..ci..ci..ci..ci.."

Murid : "Ora gedhe."

Guru : "Ya, wis. Lawan katane adoh?"

Murid : "Ora adoh."

Guru : "Lawan katane bengi?"

Murid : "Ora bengi."

Guru : "Mangkat."

Murid : "Ora mangkat."

Guru : “Resik.”

Murid : “Ora resik.”

Guru : “Pinter.”

Murid : “Ora pinter.”

Guru : “Abot.”

Murid : “Ora abot.”

Guru : “Enteng.”

Murid : “Ora enteng.”

Guru : “Bathi.”

Murid : “Ora bathi.”

Guru : “Lunga. Ora lunga. Ciut. Ora ciut. Amba. Ora amba. Sembahyang. Ora sembahyang. Madhang. Ora madhang. Tuku. Ora tuku. Mencret. Ora mencret. Oalah, jan, jan. Kaya kuwe ya karuan. Haduh, jan, jan. Nggan-nggane mulang **kelas** **kene** koh yah. Rong taun mulang antonim koh ya. Esih bodho bae padha jan. **Ujarku kowe** lagi pertama kali mandan pinter-pinter. Maju maning tambah keton jaglonge padha jan.”

Lampiran 4

Teks curanmor berjudul *Capean 1*

- Karyawan : “Assalamu’alaikum, juragan.”
- Juragan : “Wa’alaikum salam wr. wb.”
- Karyawan : “Hahahaha. Ketemu juragan maning kiye yah. Jan jane **inyong** angger gelem jujur yah. **Inyong** jane mblenger banget ketemu karo **rika** terus loh. Mben dina ketemune karo **rika** bae. Ora tau ganti pemandangan sing liyane. Apa jere **rika** ngingu sekretaris nggo mbatiri **nyong**. Ya ora. **Rika** jan kebangeten pisan. Mben dina ketemune karo **rika** bae. Apa ora jan ngantek apal guweh nang mata **inyong raine rika**, Gan. Juragan.”
- Juragan : “Lunga ya ngonoh, ora ya ngonoh. Mangkat kerja ya ngonoh, prei ya ngonoh. Lha mung genah **kowe** kerjane karo inyong. **Kowe anak buahe inyong. Kowe kuline inyong.** Ya gelem ora gelem ketemu mben dina.”
- Karyawan : “Lha kiye karep karepe priwe kiye? **Inyong** esih ulih kerja nang **kene** apa ora?”
- Juragan : “Seh, ya karep-karepe dhewek **kuwe** yah. Lha **kowe** mbok sing ngomong dhewek **kuwe miki** jere mblenger kerja karo **inyong** mbok? **Lambene** lah mas, mandan diatur sending lah. Mandan sopan karo juragan lho.”
- Karyawan : “Haa, deleng-deleng juragane. Juragan mangas. Wedang ngger ora diomong ora gelem metu. Rokok angger ora dijuluk ora gelem metu. **Bojone rika** ora ayu. Lah jan ora mbetahi babar lunas lah pokoke kerja nang **kene**.”
- Juragan : “Lha **kowe** esih niat kerja nang **kene** apa ora **kowe**?”
- Karyawan : “Munggah **gajine**.”
- Juragan : “Munggah payon? Apa primen? Lah **kerjaane kowe** be anu ora tau beres. Malah njaluk kenaikan gaji.”
- Karyawan : “Dadi ora munggah **gajine inyong** kiye?”
- Juragan : “Ora. Mundhun, iya.”
- Karyawan : “Loh, deneng mudhun?”
- Juragan : “Lah, **kowe** be ora wis ora sopan karo **juraganmu**.”
- Karyawan : “Ya wis. Kaya kiye bae, gan. Apik-apikan bae daripada gelut. **Rika** elek-eleke kaya kuwe ya wong **juragane inyong** ket cilik.

Segagah-gagahe **inyong** ya tetep **anak buahe rika**. Kaya kiye bae, gan. Dadi penakan bae lah. **Siki inyong** duwe bedhek-bedhekan. Angger **rika** teyeng jawab, **gajine inyong** mudhun. **Rika** ra teyeng jawab, **gajine inyong** kudu munggah.”

Juragan : “Ya ora kena kaya kuwe. Nek masalah bedhek-bedhekan, masalah capean **inyong** duwe pirang-pirang. Kaya kiye bae. Sapa sing nggole jawab bener paling akeh **kuwe** sing arep dikabulna **permintaane**. **Kowe** nek nggole jawab bener luwih akeh kang **inyong**, berarti **kowe** berhak munggah gaji. Tapi nek **kowe** luwih sending kang **inyong**. Otomatis **kowe** kudu mudhun gaji nek ora minggat nganah. Ora usah kerja nang **kene** maning.”

Karyawan : “Kaya kuwe yah?”

Juragan : “Kaya kuwe bae. Sing kepenakan.”

Karyawan : “Ya, wis. Langsung, gan. **Inyong** duwe pertanyaan nggo **rika**. Ana seorang profesor pergi maring alas. Kuwe kan. Profesor dolan maring alas niate arep melakukan penelitian. Nah, gutul njero alas, profesore langsung munggah maring wit. Dhuwur **nganah** puncrit. Hahaa. Kalingane mbasa wis munggah paling puncrit, nang **ngisore** kuwe wis ana singa, wolu cacache. Singa ganas. Kira-kira profesor **kuwe** kepriwe carane men kon mudhun bisa slamet? Jajal?”

Juragan : “Gampang. Ilang.”

Karyawan : “Ngilang ilmu kang Banten apa kepriwe? Ora dadi.”

Juragan : “Mlumpat tembok.”

Karyawan : “Hahaa. Alas ora nana temboke, gan. Mandan mletek sending.”

Juragan : “Telpun maring Superman njaluk dijemput.”

Karyawan : “**Sinyale** angger nang alas kuwe angel. Ora bisa telpun sapa-sapa. Ora ana sinyal nang **kono** lah.”

Juragan : “Lah kuwe **jawabane** apa?”

Karyawan : “Hahahaha. **Rika** nyerah. Ya wis ya. Ora ngerti **jawabane** ya? Oke. **Jawabane** kepenak, gan. Profesor maring hutan munggah maring dhuwur wit ijig-ijig nang ngisor wis ana singa ganas cacache wolu. Kepriwe carane? Angger **rika** ngantek ora ngerti **jawabane**, **inyong** ngandel, gan. Ngandel. Mung profesor bae sing profesor be ora ngerti kepriwe carane, maning **rika** sing SD be ora lulus. Hahahaha”

Juragan : “Hahahaha. **Kowe** deneng ngenyek **inyong kowe** yah.”

- Karyawan* : “Lah ya ora. Mung ngomong apa anane.”
- Juragan* : “Ya wis. **Inyong** duwe tebak-tebakan **kiye**. Bedhek-bedhekan kanggo **kowe siki**. Satu kosong yah. **Kowe** satu **inyong** kosong. Kadal apa sing gawe lara weteng?”
- Karyawan* : “Kadal apa sing gawe lara weteng? Ya, kadal adus nang racun tikus dipangan menungsa. Wetenge mesthi lara.”
- Juragan* : “Salah.”
- Karyawan* : “Kadal sing **isine** watu **isine** paku trus diuntal nang menungsa. Mlebu maring **wetenge** menungsa. **Wetenge** dadi lara.”
- Juragan* : “Salah. Ora ngerti mbok? Kepriwe jal? Kadal sing gawe lara weteng. Angel, angel kiye dipikir angel. Weruh apa ora kiyeh? Becik apa becik kiyeh?”
- Karyawan* : “Becik ya kena bacin ya kena. Karep-karepe **rika** ngonoh lah.”
- Juragan* : “Ya, wis. Kadal sing gawe lara weteng, gampang **jawabane**. Kadaluwarsa. Hahahaa.”
- Karyawan* : “Kadaluwarsa. Lho **kuwe** kan panganan, gan. Ora dadi, gan. Kadal udu panganan, gan.”
- Juragan* : “Uruh-uruh, karepe **inyong** ya. Ngapain. Nantang apa single apa yuh?”
- Karyawan* : “Ya, wis. Ya, wis. Ora, gan. Ora ora, gan. **Inyong** ora nantang, **inyong** ora nantang, aja khawatir. Satu sama yah satu sama yah? **Inyong** duwe maning, gan. Buah apa sing bisa bermain band?”
- Juragan* : “Buah sing bisa ngeband? Buah band. “
- Karyawan* : “Salah.”
- Juragan* : “Peterpan band.”
- Karyawan* : “Salah. Peterpan **kuwe** udu panganan. Udu buah.”
- Juragan* : “Sheila on 7 band.”
- Karyawan* : “Salah.”
- Juragan* : “Lha, banjur?”
- Karyawan* : “Nyerah ya nyerah ya? *Juragan* nyerah, ya? Dua satu kiyeh. **Inyong** loro **rika** siji. Buah apa sing bisa ngeband. Buah Lengkeng Park.”
- Juragan* : “Linkin Park, mbok?”

- Karyawan : “Ya bodho-bodhoa, yah. Lengkeng koh. Buah mbok. Lagi mangsan, **siki** be rolas ewu. “
- Juragan :” Ya, wis. Pira mau sekore?”
- Karyawan : “Dua satu. **Inyong** loro **rika** siji.”
- Juragan : “Okeh. Monyet apa sing berdiri di tepi jalan?”
- Karyawan : “Lagu **kuwe** lagu **kuwe** lah. Monyet di tepi jalan. (dinyanyikan dengan irama lagu Bunga di Tepi Jalan).”
- Juragan : “**Kuwe** bunga, Wir. Monyet **kiye**, monyet. **Kethek**.”
- Karyawan : “Monyet. Monyet sing berdiri di tepi jalan. Monyet lagi ngarah suket.”
- Juragan : “Monyet ora tau ngarah suket, Mas. Sing ngarah suket, wedhus.”
- Karyawan : “Monyet? Monyet apa sih ya? Kira-kira sih, ya?”
- Juragan : “Nyerah apa kepriwe?”
- Karyawan : “Ya, wis.”
- Juragan : “Monyet apa sing ngadeg nang pinggir dalan **kuwe** yah? Hihhi. Mo nyetop koprades. Berarti nang pinggir dalan. Ora mungkin nang njero , mbok?”
- Karyawan : “Ya karuan.”
- Juragan : “Ya karuan. Ora karuan ya karungan mbarang. Dejal dua sama kiyeh. Bingung ora **kowe**, dejal”
- Karyawan : “Siji maning, gan. Siji maning. Dua sama wis yah? Sekore yah? Oke. Janji **rika siki** teyeng jawab, siji **rika** kudu ngunggahna **gajine** **inyong**. Loro-lorone, **bojone** **rika** **tekbojo** nang **inyong**.”
- Juragan : “Sih? Munggah bae **gajine**. Aja bojo-bojoan kaya kuwe!”
- Karyawan : “Loh, **kuwe** esih untung, Gan. **Sikile** **rika** ora kon diteteg. Dejal angger **sikile** **gulune** **tangane** **rika** kon diteteg. Apa ora jan, kejet-kejet **rika** nang **kene**?”
- Juragan : “**Perjanjiane** mau kan angger **kowe** sing menang, diunggahna **gajine**. Ora nggawa-nggawa bojo.”
- Karyawan : “Peraturan **siki** sejen. Presiden sejen peraturan sejen.”
- Juragan : “Lha **kiye** **hubungane** apa karo presiden **kiye**?”
- Karyawan : “**Pertanyaane** **inyong** seputar karo presiden. Dejal?”

- Juragan* : “Maksude?”
- Karyawan* : “Presiden Republik Indonesia *siki sapa?*”
- Juragan* : “Ya, SBY-JK.”
- Karyawan* : “Apa *kuwe?*”
- Juragan* : “Ya, Pak Susilo Bambang Yudhoyono-Jusuf Kalla, *mbok?*”
- Karyawan* : “Ya, wis. **Kuwe** pancen bener. Tapi ana maning singkatan SBY-JK. **Rika** ngerti apa ora?”
- Juragan* : “Hooo, Surabaya-Jakarta.”
- Karyawan* : “Kurang. Tambahi pulang pergi mbok. Salah. **Kaya** jurusan bis bae.”
- Juragan* : “SBY-JK. Apa sih SBY-JK?”
- Karyawan* : “Kiyeh kandhani! SBY-JK **kuwe** susah bensin ya jalan kaki.”
- Juragan* : “Susah bensin ya jalan kaki. Iya, bener yah? Iya, iya, iya. SBY-JK **kuwe** pancen susah bensin ya jalan kaki. Bener pancen, enggane kon tuku bensin. Lha wong angel bensine sih ya. Larang.”

Lampiran 5

Teks curanmor berjudul *Capean 3*

Glepus : “Tro, Mitro. Penganten anyar **kiye**. Asik. Jan, angger wayah-wayah kaya kiye ya kepenak pisan, ya dadi penganten anyar ya. Lagi mandan gerimis bae **kiye** koh mben dinane koh.”

Mitro : “Lah, mawi ndadak takon, kaya ora tau dadi penganten anyar bae **rika**. Sing **jenenge** penganten anyar ngger cara **nyong** tuli padha bae manuk. Pus, *Glepus*.”

Glepus : “Manuk? Manuk apa?”

Mitro : “Manuk Manyar.”

Glepus : “Maksude?”

Mitro : “Manuk Manyar **mabure** ngidul.”

Glepus : “Manuk anyar mabur ngidul? Maksude?”

Mitro : “Ya ngger penganten anyar karepe?”

Glepus : “Penganten anyar karepe?”

Mitro : “Ngidul.”

Glepus : “Hahahaha, ya bener. Ya, wis kiyelah. Anu, Tro, Mitro. **Nyong** duwe bedhekan nggo **kowe**. Gelem mbedhek apa ora ngonoh. Pokoke nek **kowe** bisa mbedhek bener, taun ngarep tek dongakna **kowe** dadi penganten anyar maning.”

Mitro : “Hahaa. Penganten anyar karo **adhine rika**? Haa, sorry yaa. Mbel gedhes. **Bojone nyong** kuwe luwih ayu daripada **adhine rika**. Gudik thok, **adhine rika** lah.”

Glepus : “Ora usah ngenyek **kowe**. Elek-eleke kae **adhine nyong**.”

Mitro : “Haa, ya ngonoh dileg dhewek. **Nyong** sih, anu kadar wis duwe ikih.”

Glepus : “Wis ora usah ngomongi kaya kuwe, engko dadi padu. Kiye **nyong** duwe bedhek bedhekan.”

Mitro : “Bedhek-bedhekan kiye?”

Glepus : “Capean.”

Mitro : “Sapa dhisit?”

Glepus : “**Nyong**.”

Mitro : “Apa **bedhekanmu** sing pertama?”

Glepus : “Nang ngapa babi **mlakune** madhep ngisor?”

Mitro : “Nang ngapa babi **mlakune** madhep ngisor? **Masalahe matane** madhep ngisor.”

Glepus : “Esih salah.”

Mitro : “Soale wedi, mbok menyak tai kebo.”

Glepus : “Haa, esih salah.”

Mitro : “Ya, wis. **Nyong** nyerah.”

Glepus : “Nyerah ya? Nyerah ya? Nang ngapa babi angger mlaku madhep ngisor? **Kuwe masalahe** isin.”

Mitro : “Isin kepriwe?”

Glepus : “Isin duwe biyung babi si.”

Mitro : “Hahaha, ya bener ya. Duwe biyung babi ya isin ya? Ya, wis. **Nyong** ya duwe bedhekan, Kang. Kiye. Barang apa angger dipejet lembek, angger digejuk atos?”

Glepus : “Dipejet lembek, digejuk atos?”

Mitro : “Dipejet lembek, digejuk atos.”

Glepus : “Nek ora salah **kuwe** ora ngerti **nyong**.”

Mitro : “Haa, ora ngerti ya?”

Glepus : “Nyerah bae, nyerah.”

Mitro : “Dipejet lembek, digejuk atos **kuwe** tahu, Kang.”

Glepus : “Tahu dipencet ya pancen lembek, tapi angger dijotos ya amoh bae, Kang? Ora dadi kuwe ora dadi.”

Mitro : “Lho, **tahune** tahu apa dhisit, Kang? **Tahune kuwe** tahu temangsang nang tembok. Hahaaa. Digejok bae ya ngonoh. **Rika** ngerti ana tahu temangsang nang tembok dipejet pancen amoh, tapi nek digejuk, apa ora abuh **tangane rika**? Ngonoh.”

Glepus : “Oh, kaya kuwe ya. Ya, wis. **Siki** buah apa sing ora bisa dimet?”

Mitro : “Buah apa sing ora bisa dipet?”

Glepus : “Ya, wis. Buah apa sing ora bisa dipet?”

Mitro : “Hahaa. **Rika** saru **rika**.”

Glepus : “Lho, saru kepriwe?”

Mitro : “Buah *si?* Buah *si?*”

Glepus : “*Lha, buah ko saru. Panganan lho, panganan lho.*”

Mitro : “Buah *temenan kiye?*”

Glepus : “*Temenan. Lha buah apa sih? Buathukmu, ya udu. Buahmu? Ya, udu.*”

Mitro : “*Lha, buah apa kuwe, sing ora bisa dipet kuwe?*”

Glepus : “*Buah sing wis tiba kang wite. Hohoo. Ora bisa dimet. Ngonoh. Arep digoletna genter wolung meter ya tetep bae ora bisa dimet. Genah anu wis tiba nang ngisor.*”

Mitro : “*Hahaa. Iya, ding. Bener rika ya. Ya, wis. Kaya kiye, Kang. Nggoleti angel tapi angger wis entuk dibuang. Apa kuwe?*”

Glepus : “*Nggoletine angel, wis entuk dibuang?*”

Mitro : “*Buang.*”

Glepus : “*Lhah, angger kaya kuwe ora ana gaweyan. Nggoleti barang sing ora nana, mbarang ketemu dibuang. Wis genah kuwe lah.*”

Mitro : “*Ya udu kaya kuwe jawabane, Kang.*”

Glepus : “*Lha, banjur?*”

Mitro : “*Bacin apa lecit?*”

Glepus : “*Pesing.*”

Mitro : “*Pesing ya? Digoleti angel, mbarang entuk dibuang. Upil.*”

Glepus : “*Upil?*”

Mitro : “*Upil. Kae ngonoh dikodeki bae. Mbuh arep ping pitua, mbuh arep ditokna. Mesthi tetep dibuang. Ora mungkin dilebokna kulkas, ora mungkin. Ya ngonoh, dijejal bae mbok ora ngandel.*”

Glepus : “*Ya wis, bener rika. Siki nyong duwe maning. Rika tau ndeleng film?*”

Mitro : “*Film apa?*”

Glepus : “*Film sing judule Batman and Robin.*”

Mitro : “*Batman and Robin? Oh, iya. Tau ndeleng.*”

Glepus : “*Sing dadi pertakonan. Kena ngapa Robin dadi pembasmi kejahatan? Nang ngapa jejal?*”

Mitro : “*Loh? Pancen lakone Robin. Mbuh arep film India, film Amerika Serikat, film Indonesia sing jenenge lakon kuwe berbuat kebaikan, pembasmi kajahatan.*”

Glepus : “Esih salah **jawabane**.”

Mitro : “Geh, **kowe** ora ngerti, takokna **sutradarane** nganah.”

Glepus : “Alah, **sutradara-sutradara** kaya ngapa? **Sutradara** endi baen ora bakal bisa njawab pertanyaan **kiye**. Nang ngapa Robin dadi pembasmi kejahatan?”

Mitro : “Lha ngapa?”

Glepus : “**Kiye** masalahe **ketemune** karo Batman, sejen angger Robin **ketemune** ora ketemu karo Batman, tapi karo **rika**. Mben **esuk** langsung. Serabi. Serabi. Serabi. **Awan-awan**. Sol sepatu. Sol sepatu.”

Mitro : “Hoh, kaya kuwe ya?”

Glepus : “Ya, iya.”

Mitro : “Ya, wis. **Siki** masalah manuk., Kang.”

Glepus : “Manuk. Manuk saru apa manuk ora?”

Mitro : “Manuk sing bisa mabur.”

Glepus : “Ora saru, ya. Ora kena saru, ya!”

Mitro : “Ora. Wis tenang bae.”

Glepus : “Ya, wis.”

Mitro : “Manuk apa sing **cewiwine** kur siji?”

Glepus : “Manuk sing **cewiwine** kur siji?”

Mitro : “**Sayape** kur siji. Siji tok.”

Glepus : “Manuk pengkrang.”

Mitro : “Salah. Pengkrang kuwe sikil. **Kiye** cewiwi.”

Glepus : “Manuk tapi **cewiwine** sing siji kena flu burung. Diamputasi.”

Mitro : “Salah. Manuk **kuwe** ora kenal karo amputasi, Kang.”

Glepus : “Lha, banjur?”

Mitro : “Nyerah maning **rika**? Ya, wis. Manuk sing **cewiwine** kur siji **kuwe** gampang, Kang. Manuk lagi ngelamar gaweyan.”

Glepus : “Manuk nglamar gaweyan? Kepriwe kuwe?”

Mitro : “Ya, bener kuwe. Manuk nglamar gaweyan. Cewiwi sing siji nggo mabur, sing sij maning nggo nyekeli map. Nggo ndaftar kerja sih? Haha.”

Glepus : “Ya, wis. Bener. **Siki** siji maning, Kang. Kiyé **inyong** anu arep golet lampu, **masalahe**. Kiyé **lampune inyong** petengan nang omah. Terakhir kiyé yah. Sedurunge **inyong** maring toko tuku lampu, kiyé. Lampu apa angger dipecah metu **wonge?**”

Mitro : “Lampu dipecah metu wonge. Ya, **lampune** lampu wasiat Aladin. Mesthi iya, ngonoh. Lampu **wasiate** Aladin dielus-elus dipecah mesthi metu **kuwe.**”

Glepus : “Metu jine kuwe. Kiyé metu wonge. Aja ngayal **rika!** Aja gawe-gawe perkara!”

Mitro : “Lampu ya isine bohlam, ya. Masa nggane lampu isine wong. Kuwe anu ngayal maning **rika**. Lampu-lampu dipecah metu **wonge.**”

Glepus : “Hoo, ana, Kang.”

Mitro : “Lha lampu apa?”

Glepus : “**Lampune tanggane**. Hehehe. Dejal, dejal. **Rika**, ya. **Ngesuk** maring nggone **lurahe**, samprang **kuwe** lampu sing nang njero **omahe lurahe**. Janji ora metu **wonge** kang njero omah, **rika** digitik. Ora dibom bae, sukur. Kaya kuwe.”

Mitro : “Hehee. Ya, bener, ya. **Lampune** dipecah ya metu wonge. **Lampune tanggane.**”

Lampiran 6

Teks curanmor berjudul *Anak Elek*

- Narator* : “Tajamnya pedang *kuwe durung ana apa-apane* dibandingkan dengan tajamnya *lambe*. *Dadi kira-kira dhewek* duwe *lambe kuwe yah dinggo bae sing bener*, wong *genah kadang-kadang gelem ngiris*. *Ngiris nang ati, ngiris nang manah*. Nah, *kiye* berbicara masalah *lambe, Kang. Inyong* duwe cerita. *Ceritane tek* mulai *kang terminal bae, wis, ya. Dejal tiliki terminale kaya ngapa.*”
- Kondektur* : “*Pamanis, Pamanis, Pamanis, Pamanis, Pamanis. Pamanis, Pamanis, Pamanis, Pamanis, Pamanis. Pamanis, Bu?*”
- Penumpang ibu* : “*Arep maring Yes Radio kiye nyong kiye*. *Angkutan kota sing endi kiye?*”
- Kondektur* : “*Yes Radio? Kawasan industri?*”
- Penumpang ibu* : “*Iya.*”
- Kondektur* : “*Pamanis?*”
- Penumpang ibu* : “*Iya.*”
- Kondektur* : “*Kae* angkutan kota sing warnane ijo. *Numpak gagean!*”
- Penumpang ibu* : “*Angkutan ijo kiye yah? Ditunggoni kiye yah?*”
- Kondektur* : “*Tek* jamin. *Aja kuwatir, Bu. Tapi ngomong-ngomong kuwe* biyunge nggawa apa *kuwe?*”
- Penumpang ibu* : “*Seh, rika matane ora melek apa kepriwe? Kiye* tuli anu bocah. *Anake inyong kiye, Kang.*”
- Kondektur* : “*Hahaaa. Anake rika? Heheheee. Elek* temen koh. *Jan elek banget, yakin. Aku* ya seurip-urip *kuwe ketemu karo bocah, ketemu karo bayi, ndeleng balita paling elek, paling elek kuwe* yah, *anake rika, Yu. Hahaa*, tapi ya gawa baelah. *Mung dunyane rika* genah *kuwe* tok, mbok. *Ayo munggah. Pamanis, pamanis, pamanis, pamanis, pamanis.*”
- Narator* : “*Ya, temenan, Kang. Kiye* ibu-ibune munggah maring angkutan kota tapi kaya mandan mangkel diomong si, *anake* paling elek sedunya. *Kuwe, mbok, kuwe. Lha*

kuwe mbuh lagi kumat apa kuwe kenete ijig-ijig bisa ngomong kaya kuwe koh, jan. Njajal tiliki maning yuh, nang njero angkutan kota. Biyunge arep ngomong apa kiye.”

*Penumpang ibu : “Kebangeten banget yakin, kebangeten banget yakin. Wong ngerti nek **angkutan kotane** ditumpaki ko malah **anake inyong** dinyek. Kerasa pantes diomong ganteng apa kepriwe? Wong **raine** rai coro kaya kae koh. Ngenyek **anake inyong**. Huuu, ora duwe tata krama babar plohas.”*

Penumpang bapak : “Nyuwun sewu, Bu. Kena ngapa?”

*Penumpang ibu : “**Kiye anake inyong** dinyek nang **kae** kenete. Kenete **kae**. Kurang ajar. Lha wong genah **anake inyong** nggantenge kaya kiye koh, **ramane** be **kaya** Arjuna, **ibune kaya** Srikandi koh malahan **anake** diomong elek. Apa jan ora mangkelna banget nang ati sih? Apa kae, nek **bojoku** bali kang Malaysia, wadulna. Masa ra ditemplingi sih **kae** wong.”*

Penumpang bapak : “Sing aso, Bu. Sing aso. Duduk permasalahanane nang ngendi? Kiye nang njero angkutan kota. Panas. Aja nggawe panas maning! Reang bae.”

*Penumpang ibu : “Lha kon ora mangkel kepriwe dejal, Pak, lah. **Inyong** wis ditawani kon numpak angkutan kota **kiye**. Nah, barang **inyong** gelem, koh malah gari **anake inyong** dinyek. Jare kon ditinggal bae nang terminal. Sing numpak kon **biyunge** bae jere. **Anake** kon ditinggal nang tempat sampah apa nang telpon umum mbuh.”*

Penumpang bapak : “Lha, ngapa koh? Ijig-ijig kon ditinggal?”

*Penumpang ibu : “Seh, genah **anake inyong** diomong paling elek koh sedunya koh. Ora pantes jare numpak angkutan kota **kiye**.”*

Penumpang bapak : “Oh, kaya kuwe , Bu?”

Penumpang ibu : “Iya, jan. Kebangeten banget apa ora dejal? Wis lah.”

*Penumpang bapak : “Oo, ngger kaya kuwe ya pancen, dasar **kae** kenete jan. Ora duwe utek apa kepriwe yah? **Nyong** jan dadi melu mangkel kiye dadine kiye. Krungu kabar kaya kuwe. Ora patut temen omong-omongane lah, jan. Kaya urip nang dunya dhewekan bae **kae** wong. Omaidh bae ngger cara **nyong** omaidh bae wong **kae** lah.”*

*Penumpang ibu : “Jan jane **nyong** pengen ngomaih, jane.”*

- Penumpang bapak : “Lha terus?”
- Penumpang ibu : “Lha wong wadon **kae** wong lanang.”
- Penumpang bapak : “Lha ora usah mikir kaya kuwe, Bu. Nek kira-kira **njenengan** pancen kesuh. Omaid bae **kae** wong. Tampongi bae **kae lambene**. Terus-terusna mengko gawe mangkel **penumpange** sih.”
- Penumpang ibu : “Dadi tek omaih bae **kae** wong yah?”
- Penumpang bapak : “Omaid bae, omaih bae, Bu. Tampongi bae, tampongi baelah. Pelayan masyarakat koh kaya kae.”
- Penumpang ibu : “Kapan kiye **inyong** nggole nampongi?”
- Penumpang bapak : “Ngesuk badha? **Siki!**”
- Penumpang ibu : “Ya, wis. Tektampongi bae **kae wonge**. Ora urusan **nyong** wong wadon **kae** wong lanang. Tua be ora koh.”
- Penumpang bapak : “Iya, betul kuwe betul. Tampongi bae nganah, Bu! Nek kira-kira mandan angel, ngenah **tekcekeli ketheke** ya kena **ngeneh**.”
- Penumpang ibu : “Kethek?”
- Penumpang bapak : “Lha **kuwe** sing diemban nang **rika** kethek mbok?”
- Penumpang ibu : “Ooooo, **digilmu**. **Kiye anake inyong**. Kethek-kethek. Oo, **kowe** tunggal-tunggalane kenete **kowe**. Kurang ajar, **kowe** yah! **Jarku** melu ora trima kenete ngomong **anake inyong** elek, malah **rika** ngomong **anake inyong** kethek. Jan, jan.”

Lampiran 7

Teks curanmor berjudul *Nyelang Buku*

- Narator : “Hahahaha. 104,2 Yes Radio Kebanggaan Cilacap. Kiye ana maning cerita sing jan penak pisan nang kuping. Penak pisan nang ati, penak pisan nang manah. Hahaa, kiye ceritane yah. Ana wong wadon, cah sekolah kelas telu SMA **jenengane** Sukarni. Hahaa. Sukarni kuwe **cita-citane** hobi banget mambaca, Kang, Yu. Ya, hobi pisan. **Mulane gaweyane** nang sekolahan **kuwe** yah siji, nek ora nang perpustakaan, loro-lorone ya maring perpustakaan. Dadi **kuwe hobine** yah. Ana istirahat, ana ngaso, ana bali **kuwe** jan **tungkrungane** nang aring perpustakaan. Kaya suatu hari, **kiye ceritane** si Sukarni kuwe istirahat. Teng teng teng. Mlebu maring perpustakaan. Tiliki kaya ngapa. Hahahaha.”
- Sukarni : “Heh, Thak, Buthak. Lagi ngapa **kowe** yah? Wong kon nunggu perpustakaan malah ketungkul dolanan buthak bae kaya kuwe. Sisiran bae. Pethetan bae, ana **rambute** be ora be ko. Ndadak dipetheti kaya kuwe. Kuwe ana maning kuwe model anyar njaluk disogi lenga Jawa **buthake**. Kon ngapa jane? Kon thukul maning **rambute**. Ora mungkin. **Rika** kuwe wis tuwa. Kira-kira kepengin **buthake** kuwe aja disiram karo lenga Jawa, karo lenga tanah, Kuwe. Bar kuwe gari dicus, mbledhuk. Tuli mari, buthake.”
- Buthak : “Heh. **Kuwe lambene** mandan diatur sending. Dipetheti **lambene** apa kepriwe kuwe, hah. Sekolah ta sekolah, tapi jan huuu ngomong karo wong tuwa rasane kaya ngomong karo kidang bae. Kaya kuwe sekenake dhewek. Ngapa **kowe** ngenah-ngenah?”
- Sukarni : “Hahahaha. **Nyong** maring ngenah arep nyelang buku, Pak. Pak Buthak.”
- Buthak : “Aja Thak Buthak! **Tekkepret lambene** kaya kuwe.”
- Sukarni : “Lho, **rika** buthak **rika** lho. Wong **rambute** buthak, diundang buthak. Ngeyel. Mesthi apa? Kesuh.”
- Buthak : “Ya, iya. Aja kakehan cangkem **kowe** angger ngenah-ngenah **kowe**.”
- Sukarni : “Hahaa. **Inyong** arep nyelang buku, Pak. **Inyong** arep nyelang buku. Apa? **Inyong** arep nyelang buku.”
- Buthak : “Buku apa?”
- Sukarni : “Buku sing paling apiklah. Sing paling terbaru. Apa kiye nang **kene** kiye? Nek bisa, sukur-sukur, ya, **inyong** diselangi kuwe

buku sing isine tips bagaimana cara mengobati rambut botak. Hahaahaaa.”

- Buthak : “Heh, kowe ora tau ndeleng pemes apa kowe yah? Kepengin dipemes apa yah? Ngomong mandan diatur sending karo wong tuwa kaya kuwe.”*
- Sukarni : “Hahahaha. Aja kesuh bae kaya kuwe, Pak. Aja kesuh bae jejal. Wis buthak, cepet mati. Wong **rambute rika** buthak kuwe be wis dadi tenger nek **rika kuwe** dela maning mati. Ko malah ndadak apa-apa kesuh. Apa-apa kesuh. Cepet mati **mengko rika**.”*
- Buthak : “Lunga apa ora kowe, lunga apa ora kowe?”*
- Sukarni : “Lho, lho, lho. Deneng **nyong** dadi diurag si kepriwe? **Inyong** arep nyelang buku, Pak. Buku sing paling apik.”*
- Buthak : “**Kiye**. Gawa bali nganah. **Kiye** paling apik **kiye**. Buku sing paling terbaru. Penerbitan terbaru. Penerbitan terakhir **kiye**. **Gaweyane** ta iya maca buku, maca buku, maca buku, tapi kiye ora dinggo kiyene kiye. Kiyene kuwe ora tau dinggo kiye kiyene. Kiyene ora tau dinggo.”*
- Sukarni : “Hahahaha. Buthake?”*
- Narator : “Hahahaha. Kang, Yu. Dadi ceritane Sukarni temenan kiye nyelang buku. Terus nggawa bali, nang ngomah diwaca. Kalingane ngesuke nggole maca urung rampung, ee, mbalik maning maring perpustakaan pas jam istirahat. Njajal tiliki bae yuh, arep ngapa kiye Sukarni kiye?”*
- Sukarni : “Nyuwun sewu, Pak. Badhe tanglet. Mau tanya.”*
- Buthak : “Hahaahaaa. **Kowe** maning? Ngapa **kowe ngenah-ngenah** maning? Nyelang buku mbok nembe bae **wingi**? Nyelang buku maning? Na’udzubillah himindzalik. Ya Allah, ya. Nyelangan banget.”*
- Sukarni : “**Inyong** kiye ora arep nyelang buku, Pak. **Inyong** arep takon. **Inyong** arep takon. Kiye-kiye perpustakaan apa salon? Apa kios pangkas rambut?”*
- Buthak : “Astaghfirullah hal’adzim. Anu **matane** ora melek **kowe** yah? Kiye-kiye perpustakaan, isine buku-buku. **Kae** delengna **kae**. Nang rak **kae** ana buku. Nang rak **kene** ana buku. **Kiye** perpustakaan **kiye**. Ko dadi kios pangkas rambut kepriwe?”*
- Sukarni : “Lha, wong **rika** jan, ora mikir banget. Genah-genah nang perpustakaan, winginane **nyong** tekan **ngenah**, **rika** lagi metheti rambut. **Siki**, eee. Malah lagi nyemir rambut. Sing disemir apalah? Sisan ireng bae **kuwe** senggawe **sirahe rika kuwe**.”*

Plonthose. Bar sisan ireng mengko gari disogi dhuwit recehan karo rong puluh. Dicanthelna nganah nang lapangan dadi kena nggo tujuhbelasan.”

*Buthak : “**Kuwe** genah **lambene** njaluk dikepret kuwe. **Lambene** ngece banget **kuwe** lah. Ngece banget **kowe** kaya kuwe. Kurang ajar **kowe** ya karo wong tuwa kaya kuwe.”*

Sukarni : “Hahahaa, kamplongana dhuwur.”

*Buthak : “**Kowe** arep ngapa **ngeneh-ngeneh**? **Kowe** arep ngapa maning **kowe**?”*

*Sukarni : “**Nyong** arep protes. **Nyong** maring **ngeneh** kuwe arep protes.”*

Buthak : “Protes apa maning?”

*Sukarni : “Kiyeh. **Rika wingi** nggole nyelangna buku maring **nyong** maksude apa kiye koh?”*

*Buthak : “Lha maksude ya kon nang **kowe** diwaca, kon tambah pengetahuan. **Mengko** ngger pengetahuane wis akeh dadi omonge bener. **Lambene** mandan bisa diatur. Ora sekarepe dhewek. Ora cas cos cas cos, ngomong sewudele dhewek kaya kuwe.”*

*Sukarni : “Lha maksude **rika** kiye anu kepriwean kiye? Nyelangna buku, ya. Wis **tulisane** cilik-cilik, ora nana spasine babar plothas. **Paragrafe** ya ora nana. **Kiye isine** mung angka-angka, isine kur nomer-nomer tok. **Gambare** ora nana sing apik, sija maning. Jan, duh, duh. **Kiye** sing paling parah maning kiye yah. **Inyong** maca ket halaman satu gutul halaman terakhir kuwe ya, jan babar plothas. Critane ora nana sing maen babar plothas, **ceritane kuwe** jan cerita duh, duh. Kiye mung nomer-nomer tok. Si karepe **rika** kepriwe nggole nyelangi buku **inyong**, Pak? Pokoke **inyong** siki kudu protes. Laporna maring Kepala Sekolah. Kiye karepe **rika** apa kiye?”*

*Buthak : “Lho, lho, lho. **Mengko** dhipit, **mengko** dhipit. Aja asal kaya kuwe. Aja lapor laporan. Diaso nggole ngomong. Ditegasna dhipit. Endi bukune, endi bukune **ngeneh**. **Tekwacane ngeneh**.”*

*Sukarni : “Nyah, kiye. **Tekbalekna** nang **nyong bukune**. Kurang ajar **kowe** pancen dadi pegawe perpustakaan. Ora mikir. **Buthake** thok sing diambani.”*

*Buthak : “Heh, **kuwe** nggole mbalekna buku aja sembarangan **kowe**, aja dibalang-balangna kaya kuwe.”*

Sukarni : “Ora urusan. Ora urunan. Ora nduwe dhuwit.”

*Buthak : “Ya, wis. **Ngeneh tekwacane bukune** nang **inyong**. Buku apa sih?”*

Sukarni : “*Kuwe dejal diwaca. Dipangan ya, kena.*”

Buthak : “*Hahahaha. Oalah rupane-rupane. Kalengane **kowe** nyelang buku telpun, ya. Wong buku telpun ditampa bae. Mbuh arep dibukaki kaya ngapa bae ya buku telpun arep kaya kuwe bae. Isine kur nomer nomer tok. Nomer-nomer telpun. Hahaa.*”

Sukarni : “*Huu, buthak kentir, buthek kentir.*”

Lampiran 8

Teks curanmor berjudul Beli Sapi atau Sepeda

- Narator* : “Hahahaha. Curanmor. Curahan perasaan dan humor menthathak maning karo **nyong**, Kaki Samidi. Tentu dong dari 104,2 Yes Radio Kebanggaan Cilacap. Hahaaa. Kiye-kiye-kiye-kiye, ya. Sing seneng padha nyolongi, sing padha seneng ngrekami curanmor nang aring radio utawa nang aring handphone. Terus disebarluaskan nang internet kuwe ya matur nuwun. Hahaaa. Ora papa, tapi **nyong** duwe cerita sing pirang-pirang kanggo **panjenengan**, Kang. Salah satunya adalah kaya kiye, Yu. Hahahaaa. Ana bakul pit kiye yah, bakul pit, tapi idere tuk omah. Hahaaa. Titi mangsane bakul pit kiye tekan maring **omahe** Kaki Pepeng. Hahahaha. Kaya ngapa yuh nggole nawak-nawakna pit maring Kaki Pepeng. Tiliki bae langsung nang aring curanmor. Curahan perasaan dan humor.”
- Bakul* : “Hahahahaa. Pit, pit, pit. Bunyi hujan di atas genteng. Airnya turun tidak terkira. Cobalah engok ahan an anting. Pohon dan kebun basah semua. Hahahaaa. Pit, pit, pit, sapa sing arep tuku pit? **Pite nyong** murah, **pite nyong** murah. Ayo sedulur-sedulur. Pit, pit, pit, pit, pit. Pit model onta ana, pit model jengki ana, pit model mini ya pirang-pirang. Pit sing wujud kaya wong ya pirang-pirang. Mbok **panjenengan** sing tesih padha bujang, daripada golet bojo ora payu-payu. Mendingan tuku **pite nyong** bae sing modele kaya menungsa. Kena ditumpaki kena ditunggangi. Hahaha. Pit, pit, pit. Bunyi hujan di atas genteng.”
- Kaki Pepeng* : “Pit, pit. Bakul pit **ngeneh** pit. Kandhani **ngeneh** pit.”
- Bakul* : “Hahahaha. Ooo, kalingane **rika** menungsa yah? **Tekjarku** anu pot. Nggo nanduri ekorbia., mbok. Hahahaha.”
- Kaki Pepeng* : “Aja sembarangan kaya kuwe dejal! Aja sekarepe dhewek kaya kuwe! **Kowe** kuwe nggole adol pit mandan ora waras, Kang. Masa enggane anu nawak-nawakna pit, nggole nyanyi ora beres. Pit, pit, pit, bunyi hujan di atas genteng. **Kuwe** tik, tik, tik, tik, tik. Ora pat, pit, pat, pit. **Kuwe** lagune aja kaya **kuwe**. Lagune sing sante bae, sing maen , lho.”
- Bakul* : “Contone?”
- Kaki Pepeng* : “Contone gampang. Andai kutahu, kutahu, kutahu, kutahu, di pinggir kali, kutahu, kutahu, mencari makan, kutahu, kutahu, setiap hari, kutahu, kutahu. Andai kutahu, kutahu,..”

Bakul : “Hahahaha. Oo, kaya kuwe, ya? Oalah **rika** kawuran maning, **rika** mengko didomaih sing duwe lagu **rika**. Kiye **inyong** pokoke **siki** maring ngenah arep adol pit, Kang. Kiye **inyong** duwe pit ana limalas kuwe tekgeret kabeh nang **inyong**, Kang. **Rika** gari milih pit sing endi kuwe. Pirang-pirang kuwe modele, gari milih kuwe. Ana pit sing modele bisa nggo ngepit nang dhuwur trawungan ya ana, tapi angger nggo rika kiye pase pit sing kaya kiye, kiye, Kang. Kiye pit sing dhuwur banget kiye pit ontu kiye. Kan sikile **rika** dawa banget, mbok? **Kaya** meteran. Kiye pas banget nggo **rika** kiye. Warnane merah muda ya kan? Oh, yakin pokoke **rika**, jan, numpak pit ontu kiye mengko warnane merah muda. Yakin, langsung. Sing jenenge gadis-gadis, oooo, yakin, karepe mbonceng kabeh sedesa.”

Kaki Pepeng : “Temenan kuwe?”

Bakul : “Temenan. Ngandel **nyong** baen. **Nyong** kuwe bakul pit sing jan, wis kondhang, kondhang. **Nyong** nggole ider nganah **kae**, Kang. **Cilacap gutul Kemranjen Banyumas**. Bolak-balik, mlaku.”

Kaki Pepeng : “Hahaaa. Masa bakul pit nggole nawak-nawakna pit karo mlaku. Kuwe ana pit ya ngepit.”

Bakul : “Lha, wis dadi bakul. Ora kaya kuwe carane, Kang. Kuwe nek dagangan, ya dagangan. **Nyong** trima mlaku ya mlaku, rapapa. Sing penting dagangane **inyong** tetep anyar men kon payu. Men kon laris, lho. Men kon regane larang.”

Kaki Pepeng : “Lha kuwe pira regane pira kuwe sing pit ontu kuwe?”

Bakul : “Telung atus ewu thok, lah.”

Kaki Pepeng : “Pira?”

Bakul : “Telung atus ewu.”

Kaki Pepeng : “Waaaa, telung atus ewu, ya, sorry. **Nyong** si ana dhuwit telung atus ewu, tapi angger nggo tuku pit kaya kuwe ya eman-eman. **Nyong** ya mending tuku sapi. Ngingu sapi utawa kebo si ditarik bahasane tesih delo sih ya. Sukur setaun rong taun bisa didol maning payu larang. Daripada tuku pite **rika** larang-larang.”

Bakul : “Ya ora bae, Pak. Ora bae. Cara **nyong** telung atus ewu mending nggo tuku pit daripada nggo tuku sapi. Nalare **siki** kaya kiye bae. **Rika** kondangan maring endi papan kaya kuwe ya. Kondangan maring Lengkong, maring Kemiran, maring Keji, maring Kelang, maring Rawajari. Luwese tetep numpak pit bae, Kang. Numpak pit. Masa nggane kondangan ngendheng-ngendheng adohe, tekan kene gutul Rawajari enggane numpak

sapi. Ya, lucu kudune, mbok? Keton bodhone **rika**, ora tau sekolahe **rika** angger kang **kene** gutul Rawajari kondangan ko numpak sapi.”

Kaki Pepeng : “Geh, ora usah kakehan reag **kowe**, ya. Ora usah luwes-luwesan. **Siki** ora luwes maning **nyong** jan, keton bodho maning nang wong pirang-pirang. **Nyong** jan luwih keton wong ora duwe utek banget nang wong pirang-pirang. Kuwe angger misalkan **nyong** tuku pit nang **inyong** ra tau tek dinggoni, tapi mben **esuk** nang **inyong** kuwe tek brukna nang wadah, minuman susune teksedoti, tekperah, tekjukuti susune. Ya, ora lucu maning, mbok.”

Bakul : “Hahahahaa. Wong karepe **rika** anu arep tuku sapi, ora tuku pit ora. **Kae nganah kae nganah**. Maring wagean apa maring paing. Aja ngangguni **nyong** lagi ider.”

Lampiran 9

Teks curanmor berjudul *Montor Mabur Oleng*

Komandan : “Kiye kepriwe kiye koh? Padha niat bali kaji apa ora si ya? Ngomonge gutul bandara **kuwe** jam sepuluh, jame wis jam sewelas luwih sepuluh menit, montor mabure ora gutul-gutul kiye pimen kiye?”

Asisten : “Sabar, komandan, sabar. Wong dadi komandan bandara kuwe sing sabar. Wong sing **jenenge** montor mabur **kuwe** ora kena dititeni gutule gutul jam pira. Sing nang ndhuwur ana gangguan cuaca, mbok sing nang ndhuwur ana Superman karo Batman lagi padha jonjang ngganggu perjalanan montor mabure. Kan bisa bae. Sabar dhisit, sabar. Mengko njajal.”

Komandan : “Geh, **kowe** tuli anak buahe **inyong** kuwe. Ora usah ndadak mbedheki **nyong** njajal. Ora usah ngatur **nyong**. Sekarep-karepe **nyong** ngapa si. Lha kowe matane melek dhewek mbok? Kiye, kiye wis jam sewelas. Bojone **nyong** arep babaran, **nyong** wis kepengin bali, ketungkul nang kene nungguni mudhune montor mabur. Jam pira ora genah.”

Asisten : “Mawi **rika** nggole mbojo ndadak kon meteng barang. Kiye babaran mulane. Ngerti komandan bandara, kerjane kuwe kudu 24 jam. Super ekstra. Ora ulih mikir omah ngger mangsan gaweyan. Profesional, lho, Kang. Profesional.”

Komandan : “Lah, pilote bae sing kebangeten. Ora ngerti dienteni apa yah? Leren dhipit kayane nang dhuwur kiye, padha poto-potoan kayane kiye.”

Asisten : “Ish, ish, ish, ish, komandan. **Kae** montor mabure teka apa yah?”

Komandan : “Montor mabur endi?”

Asisten : “Lha **kae**, montor mabur **kae**, **kae** sebelah lor, kae.”

Komandan : “Kae montor mabur Garuda Pancasila apa yah?”

Asisten : “Lha iya, montor mabur sing nggawa jemaah kaji kuwe miki lagi digatekna nang **dhewek**.”

Komandan : “Tapi deneng kaya ana wong njoget nang ndhuwur apa kepriwe kae?”

Asisten : “Oalah, iya, ndan. Kiye kepriwen kae kepriwen kae? Ih, deneng malah njoget nang ndhuwur muter-muter ra genah kae, kepriwen kae?”

- Komandan* : “Ooo, montor mabure oleng. **Kae** delengna **kae**, oleng kiri kanan kiri kanan. Ish, ish, apa mudhune kaji lara kabeh dhuh kepriwen kiye adhuh.”
- Asisten* : “Ya, wis, ndan. Ditelpon baen nganah. Ana masalah apa ora nang ndhuwur kae, pilote kae. Ditelpon dhisit bae aja kesuwen, ndan.”
- Komandan* : “Ya, wis. Dejal **nyong tektelpon** dhisit. Dicekelna dhisit udude **nyong** kiye, udude **nyong** kiye. Dicekelna aja diudud. Cekelna baen. Enteng awas **kowe**.”
- Asisten* : “Lah, ora mangas rokok, **nyong** ya duwe udud, Kang. Ora ketang bakule nang njaba. Ora usah reang. Nganah ditelpun **kae** pesawate. Kae kepriwe kae ana masalah ora nang ndhuwur kae.”
- Komandan* : “Halo, halo, halo. Kokpit pilot, kokpit pilot, kokpit pilot. Kepriwen kiye? Kepriwen kiye? Kang menara keton kiye. Sing beres bae **kowe**, aja gawe resah wong **kowe**, hii, pilot.”
- Pilot* : “Hahahaha, kiye komandan bandara jan ge. Iya kiye koh ndan, tenang bae, tenang. Aja kuwatir.”
- Komandan* : “Tenang, tenang kepriwen? Lha mung parkire be genah banget nyolok mata kaya kuwe. **Montor mabure** njengking kiye njengking kanan njengking kiye njengking kanan. Sing bener njejal nyupiri montor mabur.”
- Pilot* : “Kiye, iih, ndan, komandan. Ora usah reang. Wis tenang bae, tenang.”
- Komandan* : “Sing digawa nang **kowe** kuwe jamaah haji, pilot. Aja main-main. **Keluargane** padha nungguni nang **kene** kabeh. Kepengin padha ketemu, kepengin padha nginum air jam-jam. Gagean. Aja main-main nang ndhuwur. **Kuwe** malah mluing kanan mluing kiri, kepriwe sih **kowe** sih?”
- Pilot* : “Kiye, ndan. Nyuwun sewu **cangkeme** mandan dilirihna nggole ngomonglah. Budheg ge **kupinge inyong** kiye, penging kiye **kupinge inyong**, terima **tilpune rika**. Nek **nyong** ngomong tenang, ya tenang. Ora usah kawatir kuwe artine ora usah kuwatir. Beres kabeh beres. Kiye montor mabure bisa-bisane oleng kiri oleng kanan kaya kuwe yah. Kiye **penumpange** kiye kabeh lagi padha tahlilan. Krungu dhewek mbok **kae** lagi padha La Ilaha Illallah La Ilaha Illallah. Mulane **sirahe** goyang kanan montor mabure melu maring kanan. **Sirahe** goyang kiri montor mabure oleng maring kanan. Aja kuwatir, wis.

Lampiran 10

Teks curanmor berjudul Maling Bikin SKKB

*Narator : “Hahaha. Sing jenengane penjahat nang ngendi bae mesthi ditangkep polisi. Iya ora? Hahaa. Polisi **siki** jan anu lagi ketat-ketate kiye. Menjaga keamanan dan ketertiban masyarakat alias kamtibmas. Dadi **njenengan** sing kira-kira nembe arep nyolong, ati-ati. Hahaha. Kiye masalahe ana kedadean winginane, Kang. Ana maling, maling kiye maling, **awan-awan** nang terminal, nyolong tip mobil. Hahaha. Sing duwe mobil tulung-tulung akhire ketangkep. Kuwe **mau** malinge digawa maring kantor polisi. Jajal tiliki yuh. Kepriwe nggole arep disidang nang kepolisian.”*

*Polisi : “Hee, **kowe** sapa **kowe** jenengane, yah?”*

Dayin : “Dayin, Pak.”

Polisi : “Dayin, sapa?”

Dayin : “Dayin Sastrowardoyo, Pak.”

Polisi : “Dayin Sastrowardoyo?”

Dayin : “Iya, Pak.”

*Polisi : “Lha **kowe** sapane Dian Sastrowardoyo **kowe**?”*

Dayin : “Ya, kakang adhi, Pak.”

*Polisi : “Ooo, kakang adhi karo Dian Sastrowardoyo? Dulure artis **kowe** berarti?”*

Dayin : “Iya, Pak.”

*Polisi : “Oalah, **kowe** jan, dulure artis, nyolong? Ngawur banget **kowe** yakin.”*

*Dayin : “Hih, Pak. Nyuwun sewu, yah. **Rika** kuwe aja nggawa-nggawa dulur dejal. **Nyong. Nyong.** Dian Sastro, Dian Sastro.”*

*Polisi : “Kuwe **lambene** mandan dijaga, Mas. Nang omah polisi aja kaya kuwe jejal. Sing mandan aso. Aja ngegas!”*

*Dayin : “Lha, **rika** takon maring menungsa kaya nantang gelut bae kaya kuwe jejal.”*

*Polisi : “Lha **kowe** salah **kowe** si, Mas. **Kowe** salah **kowe** koh. Kenang ngapa **kowe** ndadak nyolong dejal? Kenang ngapa **kowe** ndadak nyolong tip mobil nang terminal njejal? Takon, **nyong** pengen ngerti alesanmu apa njejal? Wani **kowe** yah.”*

- Dayin : “Geh, Pak. Nyuwun sewu, Pak. **Nyong** kuwe ora niat nyolong. **Nyong** kuwe ora niat dadi maling maring genah, Pak.”
- Polisi : “Ora niat kepriwe? Wong wis genah-genah **kowe** nyolong tip mobil nang terminal koh. Ora niat nyolong, kepriwe?”
- Dayin : “**Nyong** kuwe terpaksa, Pak. Nyolong, Pak. Terpaksa banget, yakin, Pak.”
- Polisi : “Alah, kuwe alesan klasiklah. Nang ngendi-ngendi ana. Maling ditakoni maling kenapa ya terpaksa karena kebutuhan ekonomi, karena kebutuhan rumah tangga, karena nggo golet madhang, nggo ngempani anak bojo. Alah ,budin. Kepengin mangan gari panen rongsok, apa dadi adol kembang. Tuli kepenak, mbok? Ora kudu nyolong, ora kudu nyolong, Mas. Apa? Ora kudu nyolong.”
- Dayin : “Pak Polisi yang terhormat. **Inyong** kuwe dadi maling. **Inyong** kuwe nyolong tip mobil bukan karena terpaksa karena tekanan ekonomi, bukan karena ingin mencari uang makan. Bukan karena ingin menghidupi keluarga saya, udu, Pak. Udu kaya kuwe alesane **inyong**.”
- Polisi : “Lha terpaksa kepriwe?”
- Dayin : “**Inyong** kuwe ya, kandhani, Pak. Kang desa maring kota, ket esuk, mangkat esuk ukut-ukut gutul jepret ayewene kepengin nggoleti kantor polisi tapi ora ketemu. **Alamate** angel digoleti. **Inyong** wis takon maring wong pirang-pirang, wonge ya padha ora ngerti. Lha **inyong** ya akhire berpikir panjang ya, kepriwe carane men kon bisa tekan kantor polisi. Akhire dadi **inyong** nyolong, akhire **inyong** dadi maling. Maling tip mobil. Kuwe, Pak. **Alesane inyong** bisane nyolong. Men kon gutul maring kantor polisi. Dadi udu karena golet mangan, udu.”
- Polisi : “Lha **kowe** arep ngapa maring kantor polisi? Arep ngapa dejal? **Nyong** takon. Diisini beras, diisini brambang, diisini lombok? Apa njujugi nyawa **kowe** arep?”
- Dayin : “Njujugi nyawa si kepriwe?”
- Polisi : “Lha **kowe** nyolong **kowe**.”
- Dayin : “Kiye, Pak. Rungokna dhipit. **Inyong** kuwe nyolong gara-gara kepengin maring kantor polisi. Krungu apa ora yah?”
- Polisi : “Lha **kowe** arep ngapa? **Kowe** wis gutul kantor polisi **kowe**. Wis gutul dejal arep ngapa **kowe**? **Nyong** takon.”
- Dayin : “**Nyong** kuwe arep gawe SKKB, Pak. Surat Keterangan Kelakuan Baik. **Nyong** arep ndaftar kerja, Pak. SKKB.”
- Polisi : “Hahahahaa. **Kowe** wis nyolong tip mobil arep njaluk SKKB. Hahahaa. Geh, **tekgawani** sepatu bae **nganah** sepatu. Hooo. Maling koh

*njaluk SKKB. Hahaha. Mung **rika** njaluk maring SBY senggawe ora bakal diwei **rika**. Maling koh njaluk SKKB. Hahaaa*

Lampiran 11

Teks curanmor berjudul *Anak Tukang Kebon*

- Narator* : “Ati-ati pancen, Kang. **Rika** ngger duwe sipat sok tau. Sing jenengane sok tau **kuwe** kadhang-kadhang ya ana **apike** ya ana **eleke**. **Apike** genah ya, sing jenenge wong duwe sipat sok tau **kuwe** kadhang-kadhang angger ndopok karo sapa bae jan nyambung. Sok nyambung. Hahaha. **Kancane** cerita apa yah, duwe bojo ayu, ya **ngomonge dhewek** tau duwe bojo ayu. Kaya kuwe yah. Terus **kancane** crita handphone, handphone paling larang ya **dheweke** ya anu ngomonge wis tau duwe handphone anyar ngantek telung atus siji. Ya, wis. Pokoke werna-werna **kuwe** apike. Kaya kuwe yah, dadi ari ngobrol **kuwe** ora mandheg-mandheg ngantek pokoke **untune** rompol bae, ora gelem mandheg **kuwe** bocah. Nah, tapi **eleke** ana, Kang. Duwe sipat kok sok tau. Ana **eleke**. **Eleke** kaya ngapa? Kiye critane kaya kiye. Dadi kiye ana bocah jenengane Gupis. Cah wadon, Gupis. Lha iya temenan kiye. Bocahe **kiye** ya kelas-kelas telu SMA lah. **Bocahe** jan pancen anu sok tau banget yakin. Keminter. Lha kiye, suatu saat kiye ya. **Wengi-wengi** kiye arep turu, bingung. Ora isa turu, lemute pirang-pirang, kemule urung dikumbah, kampil **kaya** kampil veteran. Haduh, kampil putih enggani diileri tok. Lah kan ora bisa turu. Akhire saking **bingunge** nelpun **kancane**. Apa sing diomongna? Langsung bae yuh!”
- Gupis* : “Assalamu ‘alaikum. **Kowe** tesih teles ngangkat telepon ya, Wing. Piwe **kabare**, Wing? Pernahe ora tau keton nang sekolahan. Nang ngendi bae **kowe** jane yah?”
- Dawing* :” **Kiye** sapa **kiye**?”
- Gupis* : “Oalah. Ladake kaya kiye, Wing. Aja ladak-ladak dadi wong lah, Wing. Mbok nambah dawing **kuwe lambene kowe**, Wing. Lah jan.”
- Dawing* : “**Kowe** anu arep ngapa telpon-telpon **aku** koh? **Wengi-wengi** kaya kiye koh? Ora turu apa kepriwe **kowe**?”
- Gupis* : “Lah, kuwe, Wing. **Nyong** pengin ngomong karo **kowe**, Wing.”
- Dawing* : “Ngomong apa?”
- Gupis* : “Penting kiye, Wing. Penting.”
- Dawing* : “Ya anu penting, penting apa?”
- Gupis* : “**Nyong** wis ngerti kabeh **siki**, Wing.”
- Dawing* : “Ngerti kabeh anu apa lah?”

- Gupis : “Ya ngerti kabeh pokoke. **Nyong** wis ngerti kabeh, sekabehane tentang **kowe nyong** wis ngerti. Dadi **kowe siki** ora bisa ngapa-ngapa, Wing. Karo **inyong**, Wing. Hayuh **kowe inyong** wis ngerti kabeh **belange kowe**, Wing. Hayuh **kowe**, Wing.”
- Dawing : “**Kowe** anu ngomong sing mandan beres. **Kowe** ngerti apa **kowe koh?**”
- Gupis : “Tesih ora ngaku bae **kowe**? Sing masalah kae lho, Wing. **Kowe** aja anu, Wing. Ora usah ngindar karo **inyong**. **Inyong** wis ngerti kabeh. Lha **inyong** entuk informasi kang **kana kene**, Wing.”
- Dawing : “Sing bener bae **kowe** dadi ngerti kabeh?”
- Gupis : “Ya, ngerti kabeh wis.”
- Dawing : “Geh, **kowe** ngerti kang sapa **kowe?**”
- Gupis : “Lah, wis ora penting ngerti kang sapa. Sing jelas **inyong siki** wis ngerti kabeh.”
- Dawing : “**Kowe** sing bener bae lah, Pis? Aja anu lah, gawe masalah be kaya kuwe lah. **Kowe** ngerti temenan apa kepriwe?”
- Gupis : “Ya, **inyong** ngerti temenan. Ngerti kabeh tur temenan. Ora nglembo ora.”
- Dawing : “Ya, ngger **kowe** wis ngerti temenan ora usah crita-crita lah ya. **Inyong** isin sumpah. **Inyong** isin. **Inyong** wedi, **inyong** isin lah. Aja diomong-omongna temenan lah ya maring **biyunge inyong** ya. **Biyunge inyong** lagi meteng. Mbok pingsan.”
- Gupis : “Ora segampang itu, Wing. **Kowe** kudu nukokna **inyong** ayam. Njajal. Nggo uang tutup mulut, Wing. **Kowe** kudu nukokna **inyong** ayam. Rong bungkus. Gelem apa ora **kowe?**”
- Dawing : “Aja rong bungkus lah. Ya anu larang. Wis mbayar telung puluh ewu enggane rong bungkus ya sewidak ewu.”
- Gupis : “**Kowe** pengin tek omongna apa kepengin nukokna ayam? Dejal **siki**, Wing.”
- Dawing : “Ya, wis. **Kowe** tek tukokna ayam, tapi aja ngomong sapa-sapa **kowe** ya!”
- Gupis : “Iya. Wis tenang bae, wis gampang bae karo **inyong**. Sing penting ayam gutul. Rong bungkus **ngesuk sore**. Dijamin aman rahasiane **kowe**, Wing. Wis ya, Wing, ya. Assalamu ‘alaikum.”
- Narator : “Sedulur kiye pancen ya sing jenengane Gupis jan anu ngawur banget. Anu bocah ngerti apa-apa ora be koh sok tau banget. Ndarani ngerti **rahasiane** wong. Lha kaya si Dawing ya ndilalah ora takon

ngertine anu ngerti apa kaya kuwe lah ya, jan. Jan lo'o banget yakin. Tapi sedulur kiye ternyata Gupis ora marem ngerjani wong siji tok. Barang wis kaya kuwe langsung pindah maring **kamare kakange**. Tiliki arep ngapa maning **kiye** bocah. Yuh njajal."

Gupis : "Mas Solikhin. Lagi ngapa hayuuu? Hahahaa. Ora klamben."

Solikhin : "Heh, **kowe** mlebu kamare wong koh ya. Ora dodog-dodog acan. Ngawur **kowe** yah!"

Gupis : "Lah, wis. Ora usah reang. Wis gagean **kuwe** diklambeni. Mbok katisen, **mengko** mengkeret. Lah, ya melas. Nganah kathokan, Kang."

Solikhin : "Hoh, bocah sedeng **kowe** pancen. Ngapa **kowe** ngeneh-ngeneh? **Kowe** kon sinau koh malah klayaban bae kaya kuwe. Cepetan sinau!"

Gupis : "Hahaa. **Kakange inyong** bisa kesuh. Nggole kesuh aja karo ngegas, Kang. Sing biasa bae, luu. Kuwe **mengko** ngger ngegase keseron malah sing ngisor padha protol kuwe onderdile, Kang. Hahaaa"

Solikhin : "Aja mbajeg **kowe** karo **kakange** dhewek ko kaya kuwe!"

Gupis : "Lah, **kowe** dadi **kakange inyong** tuli ngger lagi nang akte kelahiran utawa nang kartu keluarga. Kaya kuwe yah. **Siki** angger kaya kiye, ya. Sejen kiye, urusane dhewek-dhewek kiye. **Inyong** pengen ngomong, Kang. Maring **rika**."

Solikhin : "Arep ngomong apa? Njaluk gawekna PR? Sorry. Mung sekolah-sekolah dhewek dinggo nggo dhewek koh malah njaluk waraih wong. Sorry. **Nganah**. Aring ramane apa aring biyunge, aja maring **inyong!** Bebeh. **Inyong** lagi sibuk!"

Gupis : "Hahaaa. Sibuk ngapa lah ya? Lagi ngolini onderdil apa lagi kepriwe **rika**, Kang? Hahahaa. Karo pasir, Kang. Dadi mandan lunyu ora pered kaya kuwe. Kon mandan wangi sending karo sabun."

Solikhin : "**Kowe lambene** aja sembarangan ari ngomong njajal. Wis **nganah** mlebu kamar. Kon sinau koh malah maring **ngeneh** bae."

Gupis : "Hahahaa, kepengin **tekamongna** apa kepriwe **kowe**, Mas?"

Solikhin : "Diomongna anu apa? Anu maring sapa?"

Gupis : "**Nyong** wis ngerti kabeh polah **tingkahe rika** ngger rama biyunge lagi ora nang ngumah. **Nyong** ngerti kabeh. Dadi wis ora usah nantang bae karepe kaya kuwe. **Nyong** wis ngerti kabeh belange **rika**, Mas Solikhin. Dadi ora muncu-muncu kaya kuwe lho, ora usah ngegas, ora usah ngecap."

Solikhin : "Heh. **Kowe** ngerti apa **kowe**? Sing genah ari ngomong lah jan!"

- Gupis : “Sepisan maning ngegas, **tekomongna** temenan **rika**, mas. **Nyong** wis ngerti kabeh. Informasine **nyong** wis tekan ngendi ora. **Kancakancane nyong** ya padha ngomong. Tanggane ya padha ngomong. **Pembantune dhewek** ya tau ngomong lah, wis ora usah kakehan reang lah. **Rika** pengin **tekomongna** apa ora? *Maring rama biyunge kiye?*”
- Solikhin : “Ish, dadi **kowe** ngerti temenan apa kepriwe?”
- Gupis : “Ya ngerti temenan lah masa **nyong** nglemboni nggane karo **kakange** dhewek lah ya.”
- Solikhin : “**Kowe** sing bener bae **kowe**, **kowe** wis cerita maring mamake durung **kowe**?”
- Gupis : “Cerita karo mamake? Hahaa, Kang. **Kuwe** urusan keru.”
- Solikhin : “Ish, pasti dong ari durung diomongna, ya wis ora usah. Ora usah diomong-omongna karo mamake utawa karo bapake, ya.”
- Gupis : “Hehee, **siki** ya, **nyong** tukokna pulsa seket ewu. Hahaha.”
- Solikhin : “Tukokna pulsa seket ewu? Geh, ditiliki handphone **inyong**, **pulsane** kur gari satus pitung puluh lima perak. Sms siji be ra teyeng.”
- Gupis : “Hooo, **nyong** ora njaluk dikirimi pulsa, Mas. **Nyong** njaluk **dhuwite** bae, **nyong** **tektuku** dhewek. Haha, ya.”
- Solikhin : “**Nyong** kuwe lagi ora duwe dhuwit.”
- Gupis : “Ora duwe dhuwit kepriwe lah ya? Wong winginane **nyong** ngerti **rika** nampani dhuwit.”
- Solikhin : “Ya, tapi kan kiye nggo bayar SPP, nggo bayar uang gedung. Ora nggo tuku pulsa. **Nyong** ora duwe dhuwit. Ora seperaka.”
- Gupis : “SPPne ora usah dibayarnalah. Wis **ngeneh** nggo **nyong** bae seket ewu, **rika** aman. Ora tek omong-omongna maring wong liya.”
- Solikhin : “Ooo, kethek **kowe** pancen.”
- Gupis : “Angger **nyong** kethek ya **rika** **kakange** **kethek**. Haaa, kan gampang mbok. Seket ewu **ngeneh** cung.”
- Solikhin : “Nyeh.”
- Narator : “Hahaa, kiye cair maning. Mau ya, ngerjani **kancane** kuwe entuk gorengan ayam. Ngerjani **kakange** entuk seket ewu kena nggo tuku pulsa jere **mau** ngeneh. Tapi ternyata, Kang. Gupis kuwe anu ora ngerti apa-apa babar plothas jane lho, kur anu sok tau bae kuwe mau. Nah, barang **mau** ngerjani **kancane** sukses, ngerjani **kakange** sukses. Kalingane urung marem, ngerjani **ramane** dhewek. Hahaha. Dejal yuh, tiliki nggole ngerjani **ramane** yuh.”

- Gupis : “Bapake. Lagi ngapa koh, Pak. Pernahe jan angger ditinggal mamake kondangan koh ya, ngetungi dhuwit baen lhu. Dhuwit apa jane ya, Pak?”
- Bapak : “Hih, **kowe** mlebu kamare wong tuwa aja sembarangan **kowe**, Pis, Gupis. Wong mlebu kamare wong tuwa koh ora dodog-dodog acan. Ora celuk-celuk acan. Diwaraih tata krama apa ora nang sekolah **kowe** ya.”
- Gupis : “Nang sekolah si diwaraih, tapi nang omah ora tau. Hahaha. Kan kepenak mbok, Pak, **jawabane inyong**.”
- Bapak : “Malah mbajug. **Kowe tekwaraih** bola-bali ko ngomong ora diwaraih kepriwe lah. Wis jam pira **kowe** deneng durung turu? Nganah turu, **ngesuk** sekolah mbok apa kepriwe?”
- Gupis : “Jan-jane **inyong** ya kepengin turu jane lho, Pak. Tapi jan, **inyong** kepikiran bae koh. Malem minggu **ngesuk** arep ana sing ngapel **nyong**, Pak. Masa enggane **klambine nyong** bedhah kabeh kaya kiye. Ya, isin, Pak lah, ya.”
- Bapak : “Lah kadar malem minggu koh, dinggo ribut. **Siki** be esih Jemuah, **ngesuk esuk-esuk** njaluk didom-domi kae maring pembantune nang mburi.”
- Gupis : “Lah aja didom-domi bae njajal, Pak lah ya ditukokna sing anyar lu. Isin, pak, lah ya. Nang ngarepe **pacare** nggane nganggo klambi jahitan lah. Jan anu lah. Ditukokna sing anyar lah, Pak ya. **Ngesuk** lah, ya. **Dhuwite ngeneh** lah.”
- Bapak : “Tukokna sing anyar. Anu **kowe** be **wingi** tuku klambi ana rong wakul. **Kowe** malah njaluk sekarepe dhewek kaya kuwe. Disekolahna be untung, diwei mamak **kowe** be wis untung. Malah njaluk klambi anyar. Nganah, turu, nganah.”
- Gupis : “Ooh, kaya kuwe, Pak. Ya, wis. Ngger bapake pancen carane kaya kuwe. Ora papa. Nang **inyong** tek trima bae. Tek tampani bae nang **inyong**. Tapi, Pak. **Inyong** wis ngerti kabeh alane **rika**. **Inyong** wis ngerti kabeh sipate **rika** sing ala kaya ngapa. Ngerti kabeh. Dadi ora usah ditutup-tutupi **siki** lah.”
- Bapak : “Aja keminter **kowe** lah, bocah cilik koh ya. Nembe **wingi** koh.”
- Gupis : “Oh, dadi kaya kuwe carane, omongna maring biyunge lho, Pak. **Tekomongna** aring biyunge temenan, **rika**.”
- Bapak : “Eeee, kosit. **Kowe** ngerti apa **kowe**, **kowe** ngerti apa? **Kowe**, **kowe**, ngerti apa? **Kene** njagong, njagong, njagong, njagong.”
- Gupis : “Pokoke wis ora usah ndadak takon-takon. **Nyong** wis ngerti kabeh alane **rika**. **Nyong** wis ngerti kabeh. Dadi **siki** nek kira-kira

*rika ora bisa ngeweih **nyong** dhuwit nggo tuku klambi anyar. Wis, semuanya akan aku bongkar nang **ngarepe** biyunge.”*

- Bapak : “Eee, **kowe** ngerti apa **kowe**? Ngerti apa? **Kowe** ngerti apa?”*
- Gupis : “Ora usah takon-takon. Rong atus ewu apa **tekamongna** maring biyunge dejal?”*
- Bapak : “Essh, kosit. Aja, aja, aja, aja. Ooo, dadi **kowe** ngerti kabeh, ya? Angger biyunge **kowe** lagi kondangan bapake **kowe** cuma mung dolan maring **kamare pembantune kae** nang mburitan. Tek jarku **kowe** wis turu.”*
- Gupis : “Oooo, dadi **rika cokane** kaya kuwe yah? Oalah, tengane, tengane. Pembantu wis bola-bali kopang-kaping nyolong nang omah ora tau diurag. Oooo, **rika** kebetahen dinggoni ya. Kurang ajar **kowe** pancen, Pak.”*
- Bapak : “Eeee, aja seru-seru. Aja seru-seru. Mbok **kakange kowe** krungu. **Mengko nyong** ditemplingi nang **kakange kowe**. Aja seru-seru, Pis, Gupis. Meneng. Aja seru-seru.”*
- Gupis : “Wis, **nyong** jan-jane kiye teka ngenah arep ngerjani tok, tapi ternyata **rika** waleh. Ternyata kaya kuwe, yah. **Siki** nek kaya kuwe carane, limang atus ewu. Pokoke kudu limang atus ewu. Nek ora gelem **tekamongna** maring mamake.”*
- Bapak : “Ya, ya, ya, wis, wa, wis. Limang atus sewu, limang atus ewu, limang atus ewu. Ya, ya, ya, wis.”*
- Narator : “Hahaha, Yu, Kang. Kiye temenan ternyata anu maune dhasare arep ngerjani kalingane **ramane** waleh. Dadine ngerti temenan, kiyeh. Ternyata ngerjani wong telu, **kancane, kakange, karo ramane** ora puas. Gantian **tukang kebone. Tukang kebone** ceritane anu **bojone** Bi Iyem. Menuju maring kamar mburi. Hahaha. Yuh, tiliki kaya ngapa. Kiye Gupis nggole arep ngerjani **pembantune** dhewek. Yuh.”*
- Gupis : “Waduh, jan. Kaki Dharmo bungaeh, kipas-kipasan kaya kuwe jan. Ora nana gaweyan apa kepriwe, Mo?”*
- Dharmo : “Ealah, enten neng Gupis. Inggih niki neng Gupis. Saweg ngisis, meng njero jan panas banget koh hawane.”*
- Gupis : “Ora geh, Pak Dharmo, njaluk tulung kiye **inyong** arep koh.”*
- Dharmo : “Oh, badhe njaluk tulung? Tulung napa, Neng?”*
- Gupis : “Geh, tulung **inyong siki** tukokna udud nganah.”*
- Dharmo : “Astaghfirullah hal ‘adhim. Neng Gupis badhe udud?”*

- Gupis : “Ssst, aja seru-seru! **Mengko nyong** domaih nang ramane. Maning.”
- Dharmo : “Boten, lah, Neng. Boten. **Kula** boten wani lah ngger kados niku lah. Mbok **kula** sing disukani. Mbok **kula** sing diseneni teng bapake. Botenlah, botenlah.”
- Gupis : “Geh, wis. **Rika** diprentah nang **anake juragane** koh arep ora gelem kaya kuwe. Esih betah kerja apa ora?”
- Dharmo : “Lha **kula** tesih betah kerja teng **mriki**. **Kula** tesih betah nyambut damel teng **mriki**. Tapi nggih niku lah **kula** boten wantunlah, boten wanilah menawi dikengken nukokna rokok teng Neng Gupis. Boten, boten, botenlah, boten.”
- Gupis : “Oh, kaya kuwe. Ya, wis. Pak Dharmo, **inyong siki** wis ngerti kabeh. **Inyong** wis ngerti kabeh.”
- Dharmo : “Ngertos sedaya kepripon, Neng?”
- Gupis : “Pokoke **nyong** wis ngerti kabeh. **Rika** sapa, sebenere **rika** sapa. **Nyong** ngerti kabeh. Dadine nek kira-kira rika ra pengin wong liya padha ngerti, ya. Sapa **rika** sebenere. Tukokna **nyong** udud, cepetan!”
- Dharmo : “Oh, inggih. Nyuwun sewu, Neng Gupis niku ngertos sing kados kepripon?”
- Gupis : “Pokoke **nyong** wis ngerti kabeh.”
- Dharmo : “Ooo, dados Neng Gupis sampun ngertos sedaya?”
- Gupis : “Ngerti kabeh. Wis ngerti kabeh.”
- Dharmo : “Saestu niku napa kepripon?”
- Gupis : “Temenan.”
- Dharmo : “Alhamdulillah, ya Allah. **Nyong** jan-jane kit **gemiyen** kepengin ngomong tapi ora tegel, ya Allah. Alhamdulillah. Jan-jane **bapakmu** kuwe kepengin ngomong ket **gemiyen** nek **kowe** kuwe sebenere anake **nyong**.”
- Gupis : “Eeeee, eeee. Anu apa-apaan. Anu apa-apaan kuwe sing bener bae kiye! **Rika ramane nyong?**”
- Dharmo : “Lha, iya pancen asline **kowe** kuwe udu **anake juragane**, **kowe** kuwe **anake nyong**. Tapi **gemiyen** lagi **kowe** babaran ora duwe dhuwit **kowe** tek dol sidane, nggo utang. Alhamdulillah, ya Allah. Matur nuwun.”
- Gupis : (nangis) “Dadi **nyong** asline **anake rika?** Mohlah mohlah. Mong **nyong** dadi **anake rika**. **Rika** tukang kebon.”